WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’

Qoljazba huqi’qi’nda

Atabaeva Venera

# Qaraqalpaq tilinde diftonglardi’n’ fonetikali’q-fonologiyali’q si’patlamasi’

Qa’nigelik: 5A220102 – Lingvistika (qaraqalpaq tili)

Lingvistika magistri da’rejesin ali’w ushi’n usi’ni’lg’an

**D İ S S E R T A C İ YA**

**Magistrlik dissertaciya Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’nda ko’rip shi’g’i’ldi’ ha’m qorg’awg’a usi’ni’ldi’.**

**Kafedra basli’g’i’: prof. M.Qudaybergenov**

**«____»_________2012-ji’l**

**İlimiy basshi’:____________**

**akademik. A.Da’wletov**

**No’kis-2012**

# Qaraqalpaq tilinde diftonglardi’n’ fonetikali’q-fonologiyali’q si’patlamasi’

**Kirisiw** …………………………………………………………………………..
Qaraqalpaq tilinde diftonglardi’n’ izertleniwi………………………………
Qaraqalpaq tilinde diftonglardi’n’ fonemali’q qurami’ haqqi’nda……….
**I BAP. Qaraqalpaq tilinde ashi’q diftonglar**
1.1 Qaraqalpaq tilinde ashi’q diftonglardi’n’ fonetika-fonologiyali’q si’patlamasi’…………………………………………………………………
1.2 Qaraqalpaq tilinde ashi’q diftonglardi’n’ imlasi’…………………………
**II BAP. Qaraqalpaq tilinde tuyi’q diftonglar**
2.1 Qaraqalpaq tilinde tuyi’q diftonglardi’n’ fonetika-fonologiyali’q si’patlamasi’……………………………………………………………………
2.2 Qaraqalpaq tilinde tuyi’q diftonglardi’n’ imlasi’……………………......
**Juwmaq** ………………………………………………………………………..
**Paydalani’lg’an a’debiyatlar** ……………………………………………….

## Jumi’sti’n’ uluwma si’patlamasi’

**Temani’n’ aktualli’g’i’.** Qaraqalpaq til biliminde diftonglar ha’r ta’repleme izertlengen bolsa da, bul bag’darda yelege deyin tarti’sli’ ma’selerdin’ bar yekenligi belgili. Ayi’ri’m ilimpazlar diftonglardi’ tilde wo’z aldi’na fonema xi’zmetin atqara aladi’ dep yesaplasa, al ko’pshilik ilimpazlar diftonglar yeki fonemani’n’ dizbeginen turadi’, wolar tilde jeke fonemalar si’yaqli’ fonologiyali’q xi’zmet atqara almaytug’i’nli’g’i’n da’lilleydi. Sonli’qtan qaraqalpaq tilindegi diftonglardi’n’ fonetikali’q-fonologiyali’q si’patlamasi’n yele de teren’irek izertlew talap yetiledi. Sonday-aq diftonglardi’n’ singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ lati’n a’lipbesine tiykarlang’an milliy jazi’wi’mi’zda sa’wleleniwi boyi’nsha da son’g’i’ da’wirlerde tabi’sli’ izertlewler ali’p bari’ldi’. Bunday izertlewlerdi yele de jetilistirip milliy jazi’wi’mi’zdi’ rawajlandi’ri’w til iliminde teoriyali’q ha’m a’meliy jaqtan u’lken a’hmiyetke iye.

**İzertlewdin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’.** Jumi’stan ko’zde tuti’lg’an tiykarg’i’ maqset qaraqalpaq tilindegi diftonglardi’n’ so’zdin’ basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda jumsali’w da’rejesin u’yreniw ha’m qaraqalpaq tilinde jalg’an diftonglardi’ payda yetetug’i’n dawi’ssi’z [w], [y] sonorlari’na artikulyaciyali’q ha’m akustikali’q si’patlama beriw arqali’ tildegi ashi’q ha’m tuyi’q diftonglardi’n’ fonetikali’q - fonologiyali’q si’patlamasi’n u’yreniwden ibarat. Sonday-aq tilimizdegi jalg’an diftonglardi’n’ imlami’zda sa’wleleniw da’rejesin ani’qlawdi’ da jumi’si’mi’zda tiykarg’i’ maqsetlerdin’ biri si’pati’nda qaradi’q. Usi’ maqsetlerdi a’melge asi’ri’w ushi’n jumi’sti’n’ aldi’na to’mendegi wazi’ypalar qoyi’ldi’:

- qaraqalpaq til biliminde diftonglar boyi’nsha islengen ilimiy jumi’slarg’a sholi’w jasaw;

- diftonglardi’ payda yetiwshi dawi’ssi’z [w], [y] sonorlari’ni’n’ diftonglardi’ payda yetiwdegi xi’zmetin u’yreniw;

- diftonglardi’n’ so’zlerde jumsali’wi’n u’yreniw;

- ashi’q diftonglardi’n’ fonetikali’q - fonologiyali’q si’patlamasi’n ani’qlaw;

- ashi’q diftonglardi’n’ imlasi’n u’yreniw;

- tuyi’q diftonglardi’n’ fonetikali’q - fonologiyali’q si’patlamasi’n ani’qlaw;

- tuyi’q diftonglardi’n’ imlasi’n u’yreniw.

**Izertlewdin’ ilimiy jan’ali’g’i’.** Qaraqalpaq til biliminde diftonglardi’n’ fonetikali’q – fonologiyali’q wo’zgeshelikleri monografiyali’q bag’darda u’yrenildi. Diftonglardi’n’ so’zlerde jumsali’wi’ mi’sallar ja’rdeminde ani’qlandi’.

**Izertlewdin’ metodlari’ ha’m derekleri.** Biz jumi’si’mi’zda wori’s til biliminde, tyurkologiyada ha’m qaraqalpaq til biliminde tildin’ fonetika tarawi’ boyi’nsha ja’riyalang’an ilimiy miynetlerge, ayi’ri’m maqalalarg’a su’yenildi. Atap aytqanda, N. A. Baskakov, S. E. Malov, E. D. Polivanov, K. Ubaydullaev, J. Aralbaev, D. S. Nasi’rov, R. Beknazarova, A. Da’wletov, M. Da’wletov, M. Qudaybergenov ha’m t.b. ilimpazlardi’n’ ilimiy miynetleri jumi’sti’ jazi’wda tiykarg’i’ derek xi’zmetin atqardi’. Wolardi’n’ teoriyali’q pikirleri tikkeley basshi’li’qqa ali’ndi’. Sonday-aq qaraqalpaq tilinin’ orfografiyali’q so’zlikleri de jumi’sti’n’ ilimiy deregin quradi’. Jumi’sti’ jazi’w bari’si’nda da’stu’rge aynalg’an si’patlama, ayi’ri’m wori’nlarda sali’sti’rma metodlari’nan paydalani’ldi’.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti.** Bizin’ jumi’si’mi’zda yerisilgen juwmaq ha’m na’tiyjeler jumi’sta paydalani’lg’an materiallar qaraqalpaq til bilimi ushi’n teoriyali’q

ha’m a’meliy a’hmiyetke iye. Jumi’si’mi’zdi’n’ ilimiy ha’m a’meliy tiykari’nan fonetika, orfografiya, orfoepiya ma’seleleri boyi’nsha arnawli’ kurslar, woqi’w qollanbalari’n do’retiw ushi’n paydalani’w mu’mkin.

# Kirisiw

Tildin’ rawajlani’wi’ sol tilde so’ylewshi ja’ma’a’t ag’zalarinin’ wo’sip, rawajlani’wi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’. Ja’ma’a’ttin’ wo’sip rawajlani’wi’ menen tili de bayi’p, jetilisip baradi’. Adamlar ja’ma’a’ti rawajlani’wdi’n’ qanday basqi’shlari’n basi’p wo’tse, woni’n’ tili de sonday basqi’shlardan wo’tedi. Sonli’qtan ha’r bir ja’miyetlik du’zimnin’ rawajlani’w da’rejesine i’layi’q tili de boladi’. Ja’miyet ag’zalari’ni’n’ qari’m-qatnaslari’ni’n’ ku’sheyip bari’wi’ milliy tildin’ rawajlani’wi’na sebepshi boladi’. Milliy tildin’ ayri’qshali’li’g’i’ ha’m arti’qmashli’li’g’i’ sonnan ibarat – bul til millettin’ barli’q ag’zalari’na ha’m toparlari’na ten’dey xi’zmet yetedi. Sonli’qtan da milliy til sol millet wa’killerinin’ ha’mmesi ta’repinen jarati’lg’an uluwma xali’qli’q qatnas qurali’ boli’p tabi’ladi’.

Prezidentimiz I Karimov “Wo’zlikti an’law, milliy sana ha’m woy-pikirdin’ ko’rinisi, a’wladlar wortasi’ndag’i’ ruwxi’y-ma’nawiy baylani’s til arqali’ ko’rinetug’i’nli’g’i’ ma’lim. Barli’q iygilikli pazi’yletler insan qa’lbine, yen’ a’wele ana ha’yyiwi, ana tilinin’ ta’kirarlanbas go’zzalli’g’i’ menen sin’edi.

Ulli ag’arti’wshi’ babami’z Abdulla Avlani’ydi’n’ so’zleri menen aytqanda “Ha’r bir millettin’ du’nyada barli’g’i’n ko’rsetetug’i’n turmi’s aynasi’ til ha’m a’debiyati’dur. Milliy tildi jog’alti’w millettin’ ruwxi’n jog’alti’wi’dur[1]”, - degen yedi.

A’lbette ha’r bir xali’qti’n’ wo’zinin’ milliy tili, milliy a’debiyati’ ha’m milliy ma’deniyati’ boladi’. Usi’g’an baylani’sli’ ha’r bir milliy tildin’ wo’zinin’ jazi’wi’ boli’wi’ kerek. Qaraqalpaq tili lati’n jazi’wi’na

[1]. Karimov I. Joqari’ ma’nawiyat-jen’ilmes ku’sh. Tashkent,Manawiyat. 2008. 83-bet.

tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi negizinde jazi'ladi'. Bul ha'rekettegi lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi 1994-ji'lda yengizilgen yedi. Bul a'lipbe qaraqalpaq tilindegi ha'ripler sani' 32, al solardi'n' ishinde dawi'sli' ha'ripler 9, dawi'ssi'zlari' 23 ha'ripten ibarat yedi. Bul ha'rekettegi a'lipbe 2009-ji'l 8-oktyabrde boli'p wo'tken Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqari' Ken'esinin' sessiyasi'nda lati'n jazi'wina tiykarlang'an ha'rekettegi qaraqalpaq a'lipbesine wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw boyi'nsha (№252/) qarar qabi'l yetildi. Bul qarardi'n' qabi'l yetiliwinde ha'rekettegi a'lipbe qabi'l yetilgen waqi'ttan baslap (1994-ji'l) usi' ku'nge shekem ilimpazlar ha'm qa'nigeler ta'repinen ayti'lg'an pikirler menen usi'ni'slar so'ylew menen jazi'wdi' bir-birine jaqi'nlasti'ri'w ha'zirgi zaman texnikali'q qurallari'nda (kompyuterlerde, internette ha'm t.b.) islewdi jen'illestiriw yesapqa ali'ng'an. Demek, bul ha'rekettegi a'lipbede wo'zgerisler menen qosi'mshalar kirgiziliwinin' tiykari' bar. Usi'g'an baylani'sli' sessiyada lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an ha'rekettegi qaraqalpaq a'lipbesine to'mendegidey wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziwdi usi'ni's yetken ha'm qabi'llang'an. Biz usi' kirgizilgen wo'zgerisler menen qosi'mshalar, wolardi'n' sebepleri ha'm a'hmiyeti haqqi'nda aytpaqshi'mi'z.

Birinshiden, jan'a a'lipbege krill a'lipbesindegi [ц] ha'ribin an'lati'w ushi'n [c] ha'ribi qabi'l yetilgen. Ha'rekettegi a'lipbede bul ha'rip ushi'n [ts] ha'ripler birikpesi qabi'l yetilgen yedi. Bul jazi'wda ha'm woqi'ti'wda biraz qi'yi'nshi'li'qlardi' payda yetip kiyati'rg'an yedi. [ts] ha'ripler birikpesinin' worni'na [c] ha'ribinin' qabi'llani'wi' kompyuterde jazi'wdi' jen'illestiredi. Mi'sali': *cirkul, cex.*

Yekinshiden, ha'rekettegi a'lipbede [e] ha'ribi [e] ha'm [э] seslerin bildiriw ushi'n qabi'llang'an yedi. Bul yeki ha'ripti an'latiw ushi'n bir tan'bani'n' qabi'llani'wi' ko'pshilikte ha'r tu'rli pikirlerdi payda yetti. Bul

mashqalani' ha'm so'ylew menen jazi'wdi' bir-birine jaqi'nlasti'ri'w maqsetinde tu'pkilikli so'zlerdin' basi'nda jumsalatug'i'n [e] ha'ribi ushi'n [ye] ha'ripler birikpesi qabi'l yetildi. Mi'sali': *yeliw, yelek, yetik.*

Qaraqalpaq tilinde [e] sesi diftong boli'p, wol yeki sesten [ye] dizbeginen turadi' ha'm jazi'wda usi'lay jazi'ladi'.

U'shinshiden, qaraqalpaq tilindegi [o] sesi de [e] sesi si'yaqli' diftong boli'p, [o] sesi [w] ha'm [o] seslerinin' dizbeginen turadi'. Sonli'qtan da tu'pkilikli so'zlerdin' basi'nda [o] sesinen baslang'an so'zler ayti'li'wi' boyi'nsha jazi'la beredi. Mi'sali': *оқлаў-woqlaw, ол-wol, орамал-woramal* ha'm t.b. Wori's tili ha'm wori's tili arqali' basqa tillerden kirgen so'zlerde [o] ha'ribinen baslanatug'i'n so'zler buri'ng'i'si'nsha [o] ha'ribi menen jazi'la beredi. *Офицер-oficer, ономастика-onomastika.*

To'rtinshiden, tek tu'pkilikli so'zlerde g'ana jumsalatug'i'n [o'] ha'ribi de so'zdin' basi'nda yesitiliwi boyi'nsha [wo'] tu'rinde jazi'latug'i'n boldi'. Bul da [e], [o] ha'ripleri si'yaqli' diftong boli'p yesaplanadi'. Mi'sali': *өсимлик-wo'simlik, өтирик-wo'tirik, өпепек-wo'pepek* ha'm t.b.

Besinshiden, [i] ha'm [ı] ha'ripleri kompyuterde jazi'wda mashqala tuwdi'ri'p kiyati'r yedi. Ha'rekettegi a'lipbede [и] ha'ribi ushi'n [i], woni'n' bas ha'ribi ushi'n [I] ha'ribi qabi'l yetilgen yedi. Al ы ha'ribi ushi'n [ı], woni'n' bas ha'ribi ushi'n [I] ha'ribi qabi'l yetilgen yedi. Bul jazi'wda [ы] menen [и] ha'riplerinin' bir-birinin' worni'na almasi'p jumsali'wi' na'tiyjesinde so'z ma'nisinin' buzi'li'wi'na ali'p keldi. Sonli'qtan [и] ha'ribin bildiriw ushi'n [i], woni'n' bas ha'ribi ushi'n [I] belgisi, [ы] ha'ribi ushi'n [i'] woni'n' bas ha'ribi ushi'n [I'] belgisi qabi'l yetildi.

Alti'nshi'dan, wori's tili yamasa Evropa tillerinen kirgen so'zlerde jumsalatug'i'n krill a'lipbesindegi [ч] worni'na [ch] birikpesi ali'ndi'.

Sonda [sh] ha’ribi sho’je, shi’g’i’r, shana si’yaqli’ so’zlerde, al [ch] ha’ribi *chemadan, ocherk, chekanka, chili* ha’m t.b. so’zlerde jumsalatug’i’n boldi’.

Solay yetip, usi’ni’p ati’rg’an qaraqalpaq tilinin’ jan’a lati’n imlasi’ndag’i’ ha’ripler sani’ 34, al solardi’n’ ishinde dawi’sli’lari’ 9 ha’ripten, dawi’ssi’zlari’ 25 ha’ripten ibarat boli’p tabi’ldi’.

Joqari’da keltirip wo’tken a’lipbedegi wo’zgerisler tiykari’nan til biliminin’ fonetika tarawi’nda izertleniledi. Fonetika tarawi’nda tildegi sesler ha’m seslerge baylani’sli’ bolg’an barli’q qubi’li’slar izertlenedi. Ha’r bir tilde seslerge baylani’sli’ so’zlerdi ayi’ri’w ushi’n jumsalatug’i’n sheklengen sandag’i’ seslik ayi’rmashi’li’qlar boladi’. Tildin’ fonemali’q du’zilisin izertlegenimizde fonemani’n’ tek ma’ni ayi’ri’wshi’ belgilerin yesapqa ali’w menen sheklenbesten, woni’n’ ma’ni ayi’ri’wg’a qatnaspaytug’i’n belgilerine de di’qqat awdari’w kerek.

Buni’n’ ushi’n qaraqalpaq tilinde dawi’sli’lardi’n’ fonemali’q qurami’n ani’qlaw, wolardi’n’ diftong tu’rinde so’zlerdin’ ha’r qi’yli’ poziciyalari’nda jumsali’w wo’zgesheliklerin u’yreniw u’lken a’hmiyetke iye.

## Qaraqalpaq tilinde diftonglardi’n’ izertleniwi

Fonetikali’q qubi’li’slardi’n’ ko’pshilik tu’rkiy tillerine wortaq si’patqa iye boli’wi’na baylani’sli’ bul bag’dardag’i’ izertlew bir-biri menen baylani’sli’ ju’rgiziledi. Sonli’qtan da, tu’rkiy tillerinin’ izertleniwi qaraqalpaq til bilimi ushi’n da u’lken a’hmiyetke iye boldi’. A’sirese, son’g’i’ da’wirde tu’rkiy tillerdin’ fonetikasi’nin’ izertleniwinde N.A.Baskakovti’n’[1], A.N.Kononovti’n’[2], A.M.Sherbakti’n’[3] miynetlerinin’ worni’ ayri’qsha. Sonday-aq jeke tu’rkiy tillerinin’ seslik du’zilisin izertlewge arnalg’an, uluwma tyurkologiyani’n’ rawajlani’wi’na da u’lken u’les qosqan ilimiy miynetlerdin’ sani’ da a’dewir ko’beydi.

Qaraqalpaq til biliminin’ qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’ son’g’i’ da’wirlerge tuwra keledi. Qaraqalpaq tilinin’ izertleniwi N.A.Baskakovti’n’ ati’ menen tikkeley baylani’sli’. Woni’n’ “Qaraqalpaq tilinin’ qi’sqasha grammatikasi’”[4] atli’ miyneti qaraqalpaq tilin izertlewge arnalg’an yen’ birinshi ko’lemli miynet boli’p tabi’ladi’. Bul kitapti’n’ yekinshi bo’limi qaraqalpaq tilinin’ seslik qurami’ ha’m a’lipbesine arnalg’an. Ilimpazdi’n’ ko’rsetiwinshe qaraqalpaq tilinin’ seslik sistemasi’ jo’ninde ko’rnekli tyurkolog ilimpaz E.D.Polivanov wo’zinin’ “Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка”[5] atli’ maqalasi’n jazdi’. E.D.Polivanov qaraqalpaq tilindegi dawi’sli’lar jo’ninde yeki na’rsege kewil bo’ledi:

So’zdin’ basi’ndag’i’ [e], [o], [o’] dawi’sli’lari’ni’n’ diftong boli’wi’ bari’nsha ku’shli da’rejede dep yesaplap, wolar artikulyaciyali’q-

[1] Баскаков Н.А. Историко-типологическая фонология тюркских языков, Москва, 1988.
[2] Кононов А.Н. Грамматика современного узбекского литературного языка, Москва-Ленинград, 1960.
[3] Шербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков, Ленинград, 1970.
[4] Баскаков Н.А. Краткая грамматика каракалпакского языка, Турткуль, 1931, 16-бет.
[5] Поливанов Е.Д. Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка. Труды Хорезмской экспедиции, Ташкент, 1933, 7-бет.

akustikali'q jaqtan so'zdin' basi'nda yemes, al wortasi'nda yamasa aqi'ri'nda jumsalatug'i'n haqi'yqat yeki fonemani'n' dizbeginen turatug'i'n [ye], [wo], [wo'] diftonglari'na barabar keletug'i'ni'na ha'm qi'si'q dawi'sli'lar bolg'an [i'], [i], [u], [u'] tildin' tik jag'dayi' boyi'nsha ashi'q boli'wg'a, tildin' jazi'q jag'dayi' boyi'nsha til arti' boli'wg'a beyim yekenine di'qqat awdaradi'.

S.E.Malovti'n' "Заметки о каркалпакском языке"[1] kitapshasi'ni'n' bir bo'limi qaraqalpaq tilinin' seslik sistemasi'na arnalg'an boli'p, kitapsha kirispe, fonetika, etimologiya, leksika degen u'sh bo'limnen ibarat. Ilimpaz qaraqalpaq tilinin' dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z fonemalari'na si'patlama bergen, wolardi'n' klassifikaciyasi'n keste arqali' ko'rsetken, yerinlik singarmonizmge toqtag'an, sozi'mli' dawi'sli'lar ha'm de diftonglar ma'selesin bir-biri menen baylani'sli' sheshiwge ha'reket yetken ha'm seslerdin' almasi'wi'ni'n' ni'zamli'li'g'i'n mi'sallar menen da'lillewge ha'reket yetken. Ilimpaz qaraqalpaq tilindegi [e], [o], [o'] fonemalari'ni'n' diftonglasatug'i'n ha'm [ye], [wo], [wo'] tu'rinde bolatug'i'ni'n mi'sallar menen keltirgen. Mi'sali': *yeki (два), wol (он), wo'lim (смерть), yene (мать жены)* h.t.b. Ja'ne de [uw], [u'w] ashi'q diftonglari' tuwrali' ayti'p mi'sallar keltirgen: uri'w, bo'liw, woqi'w, wo'lim h.t.b.

Qaraqalpaq tilinin' dawi'sli' ha'm dawi'ssi'zlari'na J.Aralbaev klassifikaciya jasag'an. Woni'n' "Қазіргі қарақалпақ тілінің фонетикалық системасы"[2] atli' ilimiy izertlewinde qaraqalpaq tilinde tog'i'z dawi'sli' monoftong ha'm yeki dawi'sli' diftongti' ayri'qsha fonemalar retinde qosadi' ha'm ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' imlasi' boyi'nsha [iy], [i'y] tan'balari' arqali' an'alati'li'p ju'rgen diftonglardi' juwan, jin'ishke ren'klerdegi [i] monofonemasi' dep, al [uw], [u'w] tan'balari' menen

[1] Малов С.Е. Заметки о каракалпакском языке, Нукус, Каракалпакия, 1966, 13-17-бетлер.
[2] Аралбаев Ж. Қазіргі қарақалпақ тілінің фонетикалық системасы. Канд дисс автореферат, Алма-ата, 1949.

an’lati’li’p ju’rgen diftonglardi’ juwan, jin’ishke ren’klerdegi [u] monofonemasi’ dep yesaplaydi’. Dawi’sli’lardi’n’ fonemali’q qurami’ won bir birlikten ibarat boli’p, fonetikali’q jaqtan klassifikaciyalag’an.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik sistemasi’n izertlewde K.Ubaydullaevti’n’ xi’zmeti ayri’qsha. Woni’n’ bul taraw boyi’nsha ko’lemli jumi’slari’ni’n’ biri “Ҳәзирги заман қарақалпақ тили. Фонетика”[1] miyneti boli’p tabi’ladi’. Bul jumi’s fonetika tuwrali’ uluwma mag’li’wmat, dawi’sli’ fonemalar, dawi’ssi’z fonemalar, fonetikali’q ni’zamlar, buwi’n, pa’t degen bo’limlerden ibarat. Wol qaraqalpaq tilinde dawi’sli’lardi’n’ fonemali’q qurami’n tog’i’z birlikten ibarat dey woti’ri’p, rus tilinen kirgen so’zlerde jumsalatug’i’n sa’ykes fonemalardi’n’ ren’kleri dep yesaplaydi’.

Qaraqalpaq til biliminin’ rawajlani’wi’nda woni’n’ uluwma xali’qli’q tili ha’m dialektlik sistemasi’ni’n’ izertleniwinde sonday-aq qaraqalpaq jazi’wi’ menen imla qa’delerinin’ jetilisiwinde D.S.Nasi’rovti’n’ miyneteri[2] u’lken a’hmiyetke iye. Qaraqalpaq tilinin’ dialektlik wo’zgesheliklerin izertlew bari’si’nda wol qaraqalpaq a’debiy tilinin’ seslik du’zilisi ma’seleleri jo’ninde bahali’ pikirler bildiriledi. Woni’n’ baqlawi’ boyi’nsha a’debiy tilde de, woni’n’ dialektlerinde de dawi’sli’lardi’n’ qi’sqa ha’m sozi’mli’ boli’wi’ fonetikali’q xi’zmet atqarmaydi’. Sonday-aq qaraqalpaq tilinde diftonglar monoftonglarg’a ayri’qsha fonema si’pati’nda qarama-qarsi’ qoyi’lmaydi’.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisi akademik A.Da’wletovti’n’ bir Qatar miynetlerinde[3] izertlenedi. Woni’n’ izertlewlerinde qaraqalpaq tilinin’ fonemali’q qurami’n ani’qlaw, seslerge baylani’sli’ fonetikali’q qubi’li’slar

---

[1] Убайдуллаев К. Ҳәзирги заман қарақалпақ тили. Фонетика, Нөкис, 1965.
[2] Насыров Д.С. Станавление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система, Нукус-Казань, 1976.
[3] Даулетов А. Вокализм каракалпакского языка, Самарканд, 1976; Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң сеслик дүзилиси, Нөкис, 1995; Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика, Нөкис, 1995; Қарақалпақ тилинде сингармонизм. Нөкис, 1993.

eksperimental usi’l tiykari’nda u’yrenildi. Usi’ tiykarda qaraqalpaq tilindegi dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z seslerdin’ qurami’n ani’qlawdag’i’ tarti’sli’ ma’seleler toli’g’i’ menen izertlendi. Sonday-aq singarmonizmni’n’ qaraqalpaq tilindegi so’zdin’ quri’li’si’ndag’i’ seslerdi sho’lkemlestiriwshi ha’m ja’mlestiretug’i’n, so’zlerdi tani’wg’a ha’m ma’nilerin ayi’ri’wg’a xi’zmet yetetug’i’n ni’zam yekenligi, diftonglardi’n’ fonemali’q qurami’n ha’r ta’repleme da’lillep beredi. Qaraqalpaq tilindegi diftonglardi’n’ ha’r birinin’, soni’n’ ishinde tuyi’q diftonglar bolg’an [iy], [i’y], [uw], [u’w] ha’m so’zdin’ yen’ basi’nda jumsalatug’i’n ashi’q diftonglar bolg’an [ye], [wo], [wo’] fonologiyali’q jaqtan yeki fonemani’n’ dizbeginen turatug’i’nli’g’i’n ilimpazdi’n’ kandidatli’q dissertaciyasi’nda eksperimental mag’li’wmatlar tiykari’nda ha’r ta’repleme da’lillep bergen.

## Qaraqalpaq tilinde diftonglardi’n’ fonemali’q qurami’ haqqi’nda

Tildin’ fonemali’q qurami’n ani’qlaw ayi’ri’m quramali’ seslerdin’ bir fonemadan turatug’i’nli’g’i’n yamasa yeki fonemadan turatug’i’nli’g’i’n ani’qlaw ma’selesi menen tikkeley baylani’sli’. Diftonglar ayri’qsha fonema bolsa, wonda tildegi basqa fonemalarg’a (monoftonglarg’a) qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Tildegi diftonglar monoftonglarg’a ayri’qsha fonema retinde qosi’lsa, wonda tildegi monoftonglardi’n’ sani’ artadi’. Diftonglar yeki fonemani’n’ dizbegi dep qaralsa, wolardi’n’ qurami’ndag’i’ dawi’sli’ si’n’ari’ monoftong dep qaraladi’, al tutas diftong ayri’qsha monofonema bolmag’anli’qtan, wol tildegi basqa fonemalarg’a qarama-qarsi’ qoyi’la almaydi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde ayri’qsha fonema retinde jumsalatug’i’n fonologiyali’q diftonglar ushi’raspaydi’. Diftonglar haqqi’nda so’z bolg’anda tek fonetikali’q diftonglar g’ana ko’zde tuti’ladi’. Artikulyaciyali’q ha’m akustikali’q jaqtan dawi’sli’larg’a jaqi’n [y], [w] dawi’sli’lar menen dizbeklesip, fonetikali’q diftonglardi’ payda yetedi. Qaraqalpaq tilindegi diftonglardi’n’ fonologiyali’q jaqtan ha’r qaysi’si’ni’n’ yeki fonemadan turatug’i’nli’g’i’ da’lillengen.[1]

Ha’mme dawi’sli’lar menen dizbeklesip keletug’i’n [y] ha’m [w] ashi’q ha’m tuyi’q diftonglardi’ payda yetedi. Bul sesler ayri’qsha fonema retinde buwi’nni’n’ qurami’nda kelgen ashi’q dawi’sli’lardan aji’rali’p payda yetip turg’an diftonglardi’n’ qurami’nan an’sat bo’leklenedi. Wolardi’n’ ayri’sha fonema boli’wi’na gu’ma’n tuwmaydi’. Mi’sali’: *[ay], [aw], [jay], [baw], [ya’ki], [taw]* si’yaqli’ so’zlerde ashi’q dawi’sli’lar menen dizbeklesip ayri’qsha fonema yekenine gu’ma’n tuwmaydi’. [y] ha’m [w] sonorlari’ qi’si’q ha’m worta ko’terin’ki dawi’sli’lar menen dizbeklesip

[1] Даулетов А Вокализм каракалпакского языка, Самарканд, 1976, 28-44-бет.

kelip [iy], [i'y], [uw], [u'w] tuyi'q diftonglari'n [ye], [wo], [wo'] ashi'q diftonglari'n payda yetedi. Qaraqalpaq tilindegi diftonglardi' ayri'qsha fonema dep yesaplansa, wonda dawi'sli' fonemalardi'n' sani' artadi'. Sonli'qtan [iy], [i'y], [uw], [u'w] tuyi'q diftonglari' ha'm [ye], [wo], [wo'] ashi'q diftonglari'ni'n' fonologiyali'q qurami'n ani'qlaw kerek boladi'.

Qaraqalpaq tilinin' dawi'sli'lari'ni'n' qurami' haqqi'nda pikirlerdin' ha'r qiyli boli'wi' diftonglardi'n' qurami'ni'n' ha'r tu'rli' boli'p sheshiliwine baylani'sli'. Ko'pshilik a'debiyatlarda qaraqalpaq tilinde tog'i'z dawi'sli' fonema bar dep yesaplansa[1], al J.Aralbaev tog'i'z dawi'sli' monoftong u'stine yeki dawi'sli' diftong qosi'p won bir dawi'sli' fonema bar dep yesaplaydi'.[2] Qazaq tilinin' dawi'sli'lari' haqqi'nda A.Djunisbekovti'n' pikirinshe alti' dawi'sli' monoftong ha'm u'sh diftongti' ayri'qsha fonema dep yesaplaydi'.[3]

Qaraqalpaq tilindegi diftonglardi'n' soni'n' ishinde tuyi'q diftonglar [iy], [i'y], [uw], [u'w] so'zdin' basi'nda jumsalatug'i'n ashi'q diftonglar [ye], [wo], [wo'] fonologiyali'q jaqtan yeki fonemani'n' dizbeginen turatug'i'nli'g'i' da'lillengen.[4]

Qaraqalpaq tilinde ha'r bir diftong yeki sesten quralg'an, bir fonema yemes, yeki fonemani'n' dizbeginen turadi'. Ayi'ri'm dawi'sli'lar qanday fonetikali'q jag'dayda keliwine qaramastan artikulyaciyali'q jaqtan yeki sesten qurali'wi' mu'mkin. Bir dawi'sli'dan baslani'p, yekinshi dawi'sli'g'a pitken quramali' sesler bir buwi'nni'n' qurami'nda keliwinen haqi'yqat diftonglar jasaladi'. Qaraqalpaq tilinde jalg'an diftonglar boli'p, wolardi'n'

---

[1] Баскаков Н.А. Краткая грамматика каркалпакского языка, Турткуль, 1931, 16-б; Е.Д.Поливанов. Некоторые фонетические особенности каркалпакского языка. Ташкент, 1933. 7-б; С.Е.Малов. Каракалпакский язык и его изучения, Л,1934; Заметки о каракалпакском языке, Нукус, 1966,16-б; К.Убайдуллаев. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлер, Нөкис, 1976, 61-б; А. Даулетов. Вокализм каркалпакского языка, Самарканд, 1976, 26-б.

[2] Аралбаев.Ж. Қарақалпақ тилиниң даўыслы фонемалары, 1959, 47-б.

[3] Джунисбеков А. Гласные казахского языка, Автореферат дисс… канд филол наук, Алма-ата, 1969, 8-б.

[4] Даулетов А. Вокализм современного каракалпакского литературного языка. Автореферат дисс… Л, 1971.

ha'r biri yeki fonemadan quraladi'. [w], [y] sonorlari' dawi'sli' fonemalardi'n' aldi'nda ha'm son'inda turi'wi'na qaray ashi'q ha'm tuyi'q diftonglardi' payda yetedi. Buwi'n quray almaytug'i'n [y], [w] diftongti'n' aldi'nda ya son'inda turi'wi'na qaray wolar ashi'q ha'm tuyi'q diftonglardi' jasaydi'.

Diftonglardi'n' juwan-jin'ishkeligi, wolardi'n' dawi'sli' si'n'ari'ni'n' juwan jin'ishkeligi so'zlerdin' ma'nisin ayiri'p turadi'. Mi'sali': jiy-ji'y, tiy-ti'y, tuw-tu'w ha'm t.b. Bul so'zlerdegi dawi'sli'lardi'n' wori'n almasi'wi' menen so'zlerdin' de ma'nisi wo'zgerip tur. Diftonglardi'n' qurami'ndag'i' yekinshi dawi'ssi'zdi' basqa dawi'ssi'z benen wori'n almasti'rsaq so'zdin' ma'nisi tu'pten wo'zgerip jan'a so'z payda boladi'. Mi'sali'*: jiy-jik, ji'y-ji'l, ti'y-ti'n, tuw-tur, tu'w-tu's* ha'm t.b.

[I'y], [iy], [uw], [u'w] diftonglardi'n' si'n'arlari' arasi'nan buwi'n shegarasi' wo'tedi. Bul diftonglarg'a tamamlang'an so'zdin' son'i'na dawi'sli'dan baslang'an qosi'mta qosi'lsa, [y], [w] kelesi buwi'nni'n' qurami'na wo'tedi. Misali': *kiy-ki+yim, tiy-ti+yim, suw-su+wi'm, gu'w-gu'+wil* ha'm t.b.

Diftonglardi'n' sozi'mli'li'g'i' monoftonglarg'a [i'], [i], [u], [u'] seslerine qarag'anda shama menen yeki yese sozi'mli'raq. Sonday-aq [i'y], [iy], [uw], [u'w] diftonglari'ni'n' sozi'mli'li'g'i' yeki fonemadan turatug'i'nli'g'i'a hesh gu'ma'n joq dep sanalatug'i'n [i'm], [il], [ul] ha'm t.b. si'yaqli' seslerdin' sozi'mli'li'g'i' menen ten'dey. Ko'pshilik tu'rkiy tillerde soni'n' ishinde qaraqalpaq tilinde so'zdin' aqi'ri' dawi'sli'g'a pitse, wog'an qosi'mtani'n' dawi'ssi'zdan baslang'an varianti', al so'z dawi'ssi'zg'a tamamlansa, wog'an qosi'mtani'n' dawi'sli'dan baslang'an varianti' qosi'latug'i'n jag'daylari' ko'plep ushi'rasadi'. [iy], [i'y], [uw], [u'w] diftonglari'na tamamlang'an so'zlerge, aqi'ri' dawi'ssi'z fonemalarg'a tamamlang'an so'zlerdey qosi'mtani'n' dawi'sli'dan

baslang’an si’n’ari’ qosi’ladi’. Mi’sali’: *kiyim, suwi’m, ti’yi’m* ha’m t.b. Bunda diftonglardi’n’ bir pu’tin fonema yemes, al son’g’i’ si’n’arlari’n’i’n’ dawi’ssi’z fonemalar yekenin ko’rsetedi.

Qaraqalpaq tilindegi [y] ha’m [w] sesleri ayri’qsha fonema boli’p, wolar so’z basi’nda [a] ha’m [a’] dawi’sli’lari’ni’n’ aldi’nda keliwi so’z ma’nisin wo’zgertiwge qatnasa woti’ri’p ayri’qsha fonema xi’zmetin atqaradi’. Mi’sali’: *yar-qar-ar, waz-qaz-az, ya’ki-pa’ki, wa’de-qa’de.* Bundag’i’ da’slepki dawi’ssi’z sestin’ tu’sip qali’wi’ menen jan’a so’zler (ar, az) payda boladi’. Al [a’] fonemasi’ni’n’ aldi’ndag’i’ [y] ha’m [w] tu’siwi menen jan’a so’z payda bolmaydi’. Sebebi qaraqalpaq tilinde a’ki, a’de degen so’zler joq. Snday-aq yer-ter, par-tar, wo’r-to’r si’yaqli’ kvaziomonimlerdin’ basi’ndag’i’ seslerdin’ wori’n almasi’wi’ arqali’ aji’ratamiz. Wolardag’i’ [y], [w] seslerinin’ tu’sip qali’wi’ arqali’ tazadan so’zler jasalmaydi’. Joqari’dag’i’day a’ki, a’de tilde ayri’qsha so’zler si’pati’nda jumsalmag’ani’ si’yaqli’ *er, or, o’r* tu’rinde jumsalmaydi’. Kerisinshe yer, wor, wo’r tu’rinde qollani’ladi’.

So’zdin’ wortasi’nda [y] ha’m [w] seslerinin’ worni’na basqa dawi’ssi’z sesler jumsali’wi’ menen jan’a so’zler do’relip, wolar fonema xi’zmetin atqaradi’ *(su’wen-su’ren, quwan-quran, tayaq-taraq).* Diftonglardi’ payda yetetug’i’n dawi’ssi’z [y] ha’m dawi’sli’ [e] sesleri arasi’nan morfemalar shegarasi’ wo’tedi, yag’ni’y wolar ayri’qsha fonema xi’zmetin atqaradi’. Mi’sali’: tiye, kiye so’zlerinde [ye] diftongi’ni’n’ son’g’i’ si’n’ari’ (e dawi’sli’si’) hal feyildin’ qosi’mtasi’ boli’p, wol morfema xi’zmetin atqaradi’. Solay yetip, [y] ha’m [w] dawi’ssi’zlari’ wo’z aldi’na dara fonema boli’p, wol so’zlerdin’ basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda jumsala beredi. Joqari’da ayti’p wo’tilgen [e], [o], [o’] tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda [y] ha’m [w] dawi’ssi’zlari’nan son’ jumsaladi’. Qaraqalpaq tiline wori’s tili ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerde diftong

tu'rinde yemes, monoftong [e], [o] tu'rinde jumsaladi'. Mi'sali': *etika, orator* si'yaqli' so'zlerdi *worator, yetika* tu'rinde yemes, *etika, orator* tu'rinde ayti'ladi'. Wori's tilinen [e], [o] monoftonglari'nan baslang'an so'zlerdin' kelip kiriwi menen yendi [e] ha'm [o] fonemalari'nin' so'z basi'nda keliwi jag'dayi'ni'n' sebebinen dep yesaplani'lmaytug'i'n boli'p qaldi'.

Ashi'q ha'm tuyi'q diftonglar so'zdin' quri'li'si'nda jumsali'wi' boyi'nsha da wo'zgeshelenip turadi'. Tuyi'q diftonglar ko'pshilik jag'dayda so'zdin' son'g'i' buwi'nlari'nda yamasa bir buwi'nli' tu'bir so'zlerde wo'nimlirek qollani'ladi'; ashi'q diftonglar jumsali'wi' jag'i'nan wonsha sheklenbeydi. Jumi'si'mi'zdi'n' keyingi baplari'nda qaraqalpaq tilindegi ashi'q ha'm tuyi'q diftonglardi'n' jumsali'w wo'zgesheliklerin u'yreniwge ha'reket yetemiz.

# I BAP. Qaraqalpaq tilinde ashi’q diftonglar

## 1.1.Qaraqalpaq tilinde ashi’q diftonglardi’n’ fonetikali’q-fonologiyali’q si’patlamasi’

Barli’q tiller si’yaqli’ qaraqalpaq tilinde de seslerdin’ dawi’sli’lar ha’m dawi’ssi’zlar dep u’lken yeki toparg’a bo’lip u’yrenemiz. Seslerdi bi’lay yetip bo’liwimizge wolardi’n’ tildegi xi’zmeti, artikulyaciyasi’, akustikali’q si’patlamasi’, buwi’n quray ali’w ha’m quray almaw qa’siyetleri yesapqa ali’nadi’. Dawi’sli’lardi’n’ dawi’ssi’zlardan ayi’rmashi’li’g’i’ wolardi’n’ buwi’n quray ali’w uqi’pli’li’g’i’ bolsa, artikulyaciyali’q jaqtan dawi’sli’lardi’ aytqanda wo’kpeden shi’qqan hawa ag’i’mi’ tosqi’nli’qqa ushi’ramaydi’, hawa ag’i’mi’ni’n’ pa’ti ku’shsiz wo’lpen’ ayti’ladi’, al dawi’ssi’zlardi’ aytqanda hawa ag’i’mi’ so’ylew ag’zalari’nda tosqi’nli’qqa ushi’rap, hawa ag’i’mi’ ku’shli boladi’. Akustikali’q jaqtan dawi’sli’larg’a dawi’s, dawi’ssi’zlarg’a shawqi’m ta’n boladi’. Dawi’ssi’z sesler qurami’na kiretug’i’n sonorlar (m, n, n’, l, r, y, w) dawi’ssi’zdan go’re dawi’sli’larg’a jaqi’n boladi’. Bulardi’ aytqanda shawqi’mg’a qarag’anda dawi’s basi’m bolg’anli’qtan wolar sonarlar qatari’na kiredi. Soni’n’ menen birge [y], [w] sonorlari’ artikulyaciyali’q jaqtan dawi’sli’larg’a uqsas boli’p keledi. A’sirese, [y], [w] sesleri so’zdin’ ha’m buwi’nni’n’ aqi’ri’nda kelgen jag’dayda dawi’sli’larg’a jaqi’n ayti’ladi’.

Yari’m dawi’sli’lar bolg’an [y] ha’m [w] tilimizde tog’i’z dawi’sli’ sesler [a], [a’], [o], [o’], [u], [u’] [i’], [i], [e] menen dizbeklesip kelip ashi’q yamasa tuyi’q diftonglardi’ payda yetedi. A’dette [y], [w] sesleri wo’z aldi’na fonema retinde wo’zleri qatara kelgen bir buwi’nni’n’ qurami’nda kelgen ashi’q dawi’sli’lardan aji’rali’p, payda yetip turg’an diftonglardi’n’ qurami’nan an’sat aji’raladi’. *[ay], [aw], [jaw], [baw], [say]* si’yaqli’ so’zlerde ashi’q dawi’sli’lar menen kelgen [y] ha’m [w] dawi’sli’lari’ni’n’

ayri'qsha fonema yekenin joqari'dag'i' mi'sallardan wol diftonglardi'n' dawi'sli' menen sonor [y] yamasa [w] fonemalari'ni'n' dizbeginen turg'anli'g'i'n ko'riwimizge boladi'. Bunnan basqa [y], [w] dawi'ssi'zi'ni'n' fonemali'q qa'siyeti ayti'li'wi' jag'i'nan so'zdin' ha'm buwi'ni'n' basi'nda ha'm aqi'ri'nda yeki tu'rli boladi'. Dawi'sli'larg'a jaqi'n dawi'ssi'z ses retinde dawi'sli' fonemalar menen bir buwi'nni'n' qurami'nda kelip ashi'q ha'm tuyi'q diftonglardi' payda yetedi. So'zlerdin' tu'rli wori'nlari'nda jumsali'wi' jag'i'nan birdey yemes. Soni'n' menen birge [y] sonori' qaraqalpaq tilinde siyrek jag'dayda [ya], [yad], [yaqshi'] usag'an so'zlerde ushi'rasadi'. Al ha'zirgi qazaq tilinde [y] sonori' basi'nda jumsalmaydi'.

Wori's a'lipbesine tiykarlang'an qaraqalpaq imlasi'nda so'z basi'nda [y] ha'ribi yosh, yad si'yaqli' so'zlerdin' basi'nda g'ana ushi'rasi'p, qalg'an wori'nlarda [y] sesi [a], [a'] ashi'q dawi'sli'lar menen kelgende [я] ha'ribi menen tan'balanatug'i'n yedi. Sonday-aq [o] sesi menen kelgende [y] sesi sol dawi'sli'larg'a qosi'li'p ayti'li'p, tan'bada [ё] tan'basi' menen jazi'latug'i'n yedi. Aldi'n'g'i' a'lipbelerde [ye] sesleri dizbegi [e] ha'ribi menen an'lati'latug'i'n yedi. Qaraqalpaq tilinin' imla qa'deleri boyi'nsha [w] ha'ribi tek [a], [a'] dawi'sli'lari'ni'n' aldi'nda g'ana keledi.[1] Mi'sali': *woqi't, wa'de, wo'z, wa'kil* ha'm t.b. Al a'lipbedegi son'g'i' wo'zgerisler boyi'nsha tu'pkilikli so'zlerdin' basi'nda dawi'sli' [e] fonemasi' [y] sesi menen yerinlik dawi'sli'lari' [o], [o'] fonemalari' aldi'nda [w] sesi menen tan'balanatug'i'n boldi'. So'z basi'ndag'i' [ye] diftongi' [y] ha'm [e], [wo] diftongi' [w] ha'm [o], [wo'] diftongi' [w] ha'm [o'] fonemalari'ni'n' dizbegin an'lati'p woti'radi'.

Qaraqalpaq tilinde [y] ha'm [w] sonorlari' so'zdin' barli'q wori'nlari'nda ayri'qsha fonema retinde jumsaladi'. Wolar affikslik

---
[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика, Нөкис, 1999, 152-бет.

morfema xi’zmetin atqari’p, [y] sonori’ menen [e] dawi’sli’si’, [w] sonori’ menen [o’] dawi’sli’si’ arasi’nan morfemani’n’ shegarasi’ wo’tedi. Mi’sali’: [tiye], [kewo’] so’zlerinde [ye], [wo’] diftonglari’ni’n’ wortasi’nan morfemani’n’ shegarasi’ wo’tip tur.

Sonday-aq qaraqalpaq tilinde [a] ha’m [a’] dawi’sli’ fonemalari’ni’n’ aldi’nda jumsali’p, [y], [w] sonorlari’ [a] dawi’sli’ni’n’ aldi’nan tu’sirilip qalsa jan’a ma’nidegi so’z payda boladi’. Mi’sali’: *[yar]-[ar], [waz]-[az].* Al [a’] fonemasi’ni’n’ aldi’ndag’i’ [y], [w] sesleri tu’sip qalsa hesh qanday ma’ni an’latpaytug’i’n sesler dizbegine aylanadi’. Mi’sali’: *[ya’ki]-[a’ki], [wa’kil]-[a’kil].* Bul mi’sallardan ko’ringenindey [y] ha’m [w] so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda ayri’qsha fonema retinde jumsaladi’.

Dawi’ssi’z [y], [w] sonorlari’ yari’m dawi’sli’ si’pati’nda dawi’sli’lar menen birge kelip [ye], [wo], [wo’] ashi’q ha’m [iy], [i’y], [uw], [u’w] tuyi’q diftonglari’n payda yetedi. Fonetikali’q ko’z-qarastan, yag’ni’y artikulyaciyali’q jaqtan so’z basi’ndag’i’ [e], [o], [o’] ha’ripleri menen jazi’li’p ju’rgen dawi’sli’lar shi’ni’nda da [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ boli’p, wolardi’n’ ha’r biri yeki sestin’ dizbeginen turg’ani’n ko’riwimizge boladi’. Wolar so’zdin’ ha’r qi’yli’ wori’nlari’nda jumsali’wi’ jag’i’nan birdey yemes. Son’g’i’ ji’llari’ lati’n grafikasi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesine wo’tiw menen [y], [w] tan’balari’ so’zdin’ basi’nda jumsali’wi’ bir qansha artti’. Mi’sali’: yerik, yeki, woraq, wori’n, wo’simlik, wo’tirik, wo’shirgish ha’m t.b. So’zdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda [e] fonemasi’ son’g’i’ buwi’nni’n’ basi’nda [y] sesi menen dizbeklesip keledi. [ye] ashi’q diftongi’ tiye, biye, jiyek, jiyen usag’an so’zlerde [ye] ayti’ladi’ ha’m jazi’ladi’. [wo] diftongi’ so’zdin’ basi’nda jumsaladi’. Mi’sali’: woyi’n, woqi’w, womar. So’z wortasi’nda [wo’] boli’p ayti’lg’ani’ menen jazi’wda [we] boli’p jazi’ladi’. Mi’sali’: *gu’wo’n, tu’wo’l – ayti’li’wi’, gu’wen, tu’wel – jazi’li’wi’.*

So’zdin’ basi’nda [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ eksperimental metodlar menen izertlenip qaralg’anda, wolardi’n’ ha’r biri [y] ha’m [e], [w] ha’m [o], [w] ha’m [o’] si’yaqli’ toli’q yeki sestin’ dizbeginen turatug’i’nli’g’i’ ani’qlandi’.[1] Eksperimental izertlewlerde so’ylew ag’zalari’mi’zdi’n’ ha’reketin baqlaw arqali’ so’z basi’ndag’i’ [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ni’n’ ha’r biri toli’q yeki sesten [y] ha’m [e], [w] ha’m [o], [w] ha’m [o’] seslerinen turatug’i’nli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. Biz bulardi’ yeki fonema dep tani’w ushi’n wolarg’a fonetikali’q si’patlama beriwde tildin’ fonemali’q sistemasi’n teren’ tallaw kerek. Tildin’ fonemali’q sistemasi’na tiykarlani’w kerek yekenligi prof. L.R.Zinder ta’repinen bi’lay yeskertiledi: “… diftong dara-dara yeki fonemani’n’ dizbeginen quralama yamasa fonetikali’q jaqtan qospali’ bolg’an bir fonema ma? Bul sorawg’a sol tildin’ tutas fonemali’q sistemasi’n izertlew arqali’ g’ana ani’q juwap beriw mu’mkin”[2]. Joqari’dag’i’ fonetikali’q faktler qaraqalpaq tilinin’ seslik sistemasi’na fonemali’q tallaw jasag’ani’mi’zda barli’q diftonglardi’n’ yeki fonemani’n’ dizbeginen turatug’i’nli’g’i’n ani’qlawg’a boladi’.

Ayi’ri’m tu’rkiy tillerde so’zdin’ basi’nda jasalatug’i’n [ye] diftongi’ni’n’ yeki fonemadan turatug’i’nli’g’i’n da’lillew qi’yi’n yemes. Mi’sali’: wo’zbek a’debiy tilinde [e] monoftongi’ ha’m [ye] diftongi’ so’zdin’ basi’nda jumsaladi’. Solay yetip so’zdin’ basi’ndag’i’ [ye] ha’m [e] qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’: yer-er. Wori’s tilinde so’z basi’nda [e] monoftongi’ jumsali’p, wol [э] ha’ribi menen belgilenedi. Mi’sali’: это, электр ha’m t.b. Al so’zdin’ basi’nda ha’m dawi’sli’ sesten keyin [ye] diftongi’ jumsali’p, wol [e] ha’ribi menen belgilenedi. Mi’sali’: ел, есть, поел, съел, в семье. Solay yetip so’zdin’ basi’nda [ye] diftongi’ menen bir qatarda [e] monoftongi’ de jumsaladi’. A’debiy tilde birdey fonetikali’q

[1] Дәүлетов А, Вокализм каракалпакского языка. Самарканд, 1976, 41-бет.
[2] Л.Р.Зиндер. Общая фонетика. Москва, 1979, 209-б.

jag’dayda, so’z basi’nda bir fonemani’n’ yeki tu’rli ren’ki jumsalmaydi’. Al bir qi’yli’ ren’ki jumsaladi’. Sol sebepli wori’s tilinde [e] ha’m [э] wo’z aldi’na basqa-basqa fonemalar dep sanalmaydi’. Al wolar bir fonemani’n’ (e fonemasi’ni’n’) ren’kleri dep yesaplanadi’. Sonli’qtan [э] ha’m [e] tu’rinde ha’r qi’yli’ boli’p jazi’li’wi’na qarap, wolardi’ ha’r tu’rli dawi’sli’ fonemalar dep yesaplawg’a bolmaydi’. So’z basi’nda diftong yemes, [e] dawi’sli’ fonemasi’ ushi’rasatug’i’n tillerde (wori’s ha’m wo’zbek tillerinde) usi’nday fonetikali’q jag’dayda (so’zdin’ basi’nda) jumsalg’an [ye] diftongi’ni’n’ yeki fonemadan turatug’i’nli’g’i’n ko’riwimizge boladi’.

Qaraqalpaq tilinde fonetikali’q jag’dayg’a baylani’sli’ yag’niy so’zdin’ basi’nda [e] dawi’sli’si’ [y] sesi menen, al [o] ha’m [o’] dawi’sli’lari’ [w] sesi menen ayti’lg’anli’qtan [ye] so’zdin’ basi’nda jumsalatug’i’n [e] dawi’sli’ fonemasi’ni’n’ ren’ki, al [wo], [wo’] sa’ykes [o] ha’m [o’] fonemalari’ni’n’ so’z basi’nda jumsalatug’i’n ren’kleri dep kelingen yedi. Wo’ytkeni fonemani’n’ anaw ya mi’naw ren’ki tek belgili bir fonetikali’q jag’dayda g’ana ushi’rasadi’, al basqa fonetikali’q jag’dayda sol fonemani’n’ basqa ren’ki jumsaladi’, degen ko’z-qaras tiykari’nda [ye], [wo], [wo’] ashi’q diftonglari’ yeki fonemani’n’ dizbegi yemes, al sa’ykes [e], [o], [o’] fonemani’n’ so’zdin’ basi’ndag’i’ jumsalatug’i’n ren’kleri dep yesaplani’ladi’. Biraq bunday juwmaqqa keliwimizge joqari’da keltirip wo’tilgen fonetikali’q faktlerge fonologiyali’q faktler qayshi’ keledi.

Qaraqalpaq tilinde [y] ha’m [w] dara fonema boli’p, wol so’zdin’ basi’nda [a], [a’] dawi’sli’lari’ni’n’ aldi’nda (yar, ya’ki) wo’z aldi’na fonema xi’zmetinde jumsaladi’ ha’m basqa dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’: *yar-tar, ya’ki-pa’ki*. So’zdin’ basi’nda: *yar-qar-ar, yaran-taran, waz-taz-az, waqi’ya-taqi’ya* ha’m t.b. Dawi’sli’ [a] fonemasi’ni’n’ aldi’ndag’i’ sestin’ tu’sip qali’wi’ menen jan’a so’zler (ar, az) payda boladi’. Al, [a] fonemasi’ni’n’ aldi’ndag’i’ [y], [w] seslerinin’

tu’sip qalg’ani’ menen jan’a so’z payda bolmadi’. Sebebi, qaraqalpaq tilinde aran, aqi’ya degen so’zler joq. Wolar tek ma’ni bildirmeytug’i’n sesler dizbegi . Sol si’yaqli’ *yer-jer, wor-por, wo’r-to’r* ha’m t.b. so’zlerdegi birinshi seslerdin’ wori’n almasi’wi’ arqali’ bul jubaylas so’zlerdi bir-birinen aji’ratami’z. Dawi’sli’ [e] fonemasi’ni’n’ aldi’ndag’i’ [y] sesinin’, [o] ha’m [o’] fonemasi’ni’n’ aldi’ndag’i’ [w] sesinin’ tu’sip qali’wi’ menen jan’adan so’zler jasalmaydi’. Joqari’dag’i’day aran, aqi’ya so’zleri jumsalmag’ani’nday, yag’ni’y [er], [or], [o’r] boli’p qollani’lmaydi’. Wolar [yer], [wor], [wo’r] tu’rinde qollani’ladi’. So’zdin’ wortasi’nda qayi’q-*qati’q, jiyek-jipek, bawi’r-bati’r, sawi’n-sabi’n* ha’m t.b. Bul mi’sallarda keltirilgen [y] ha’m [w] seslerinin’ worni’na basqa dawi’ssi’z seslerdin’ almasi’wi’ na’tiyjesinde so’z ma’nisinin’ wo’zgergenin jan’a so’zlerdin’ jasalg’ani’n ko’remiz. Sonor [y] ha’m dawi’sli’ [e] seslerinin’ arali’gi’nan morfologiyali’q shegara wo’tedi. Yag’ni’y [e] monoftongi’ hal feyildin’ suffiksi boli’p, wol morfema xi’zmetin atqaradi’. Mi’sali’: *tiye, kiye.* Solay yetip, [y] ha’m [w] sonorlari’ so’zdin’ basi’nda, wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda jumsala beredi. So’z basi’nda [e], [o], [o’] dawi’sli’lari’ menen birgelikte ayri’qsha qa’siyetke iye boli’p, tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda diftong tu’rinde, al so’zdin’ wortasi’ ha’m aqi’ri’nda [e], [o], [o’] monoftong tu’rinde jumsaladi’.

So’zdin’ basi’nda [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ si’yaqli’ [ya], [ya’], [wa], [wa’] ha’r biri so’zdin’ basi’nda yeki fonemani’n’ dizbeginen quralg’an dep yesaplawg’a boladi’. Qaraqalpaq tilinde bolsa, [ye], [ya’], [wa], [wa’], [wo], [wo’] si’yaqli’ sesler dizbegi so’zdin’ basi’nda ushi’rasadi’ ha’m wolardi’n’ ha’r biri yeki fonemadan turadi’.

Ha’zirgi qazaq tilinde [y] ha’m [w] fonemalari’ni’n’ so’z basi’nda jumsali’wi’ jag’i’nan sheklengen. Dawi’sli’ [e], [o], [o’] fonemalari’na artikulyaciyali’q ha’m akustikali’q si’patlama berip, wolar so’z basi’nda

ashi’q diftong [ye], [wo], [wo’] boli’p ayti’ladi’: *есік (йесік), етік, (йетік), елес (йелес), орамал (уорамал), өмир (уөмир)* ha’m t.b. So’zdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda bul dawi’sli’lardi’n’ hesh qaysi’si’ diftong tu’rinde qollani’lmaydi’. Anlauttag’i’ [ye], [wo], [wo’] ashi’q diftonglari’ menen so’zdin’ basqa wori’nlari’nda keletug’i’n [e], [o], [o’] monoftonglari’ni’n’ arasi’nda heshqanday fonematikali’q wo’zgeshelik joq. Sonli’qtan [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ [e], [o], [o’] fonemalari’ni’n’ so’z basi’ndag’i’ poziciyali’q ren’kleri yesaplanadi’. Qazaq tilindegi so’z basi’ndag’i’ atalg’an diftonglardi’n’ ha’r qaysi’si’ bir fonema (monofonema) dep, al qaraqalpaq tilindegi sa’ykes diftonglardi’n’ ha’r qaysi’si’n yeki fonema (bifonema) dep atawg’a boladi’. Qaraqalpaq tilinde dawi’sli’ [e] fonemasi’ so’z basi’nda dawi’ssi’z [y] sesi menen jumsalg’anli’qtan so’z wortasi’ ha’m aqi’ri’ndag’i’ [e] monoftongi’ni’n’ ren’ki dawi’sli’ [o] ha’m [o’] so’z basi’nda dawi’ssi’z [w] sesi menen jumsalg’anli’qtan, so’z wortasi’ ha’m aqi’ri’nda [o] ha’m [o’] monoftonglari’ni’n’ ren’kleri dep kelingen yedi. Wo’ytkeni so’z basi’ndag’i’ diftongta, so’z wortasi’ ha’m aqi’ri’ndag’i’ monoftongta birdey tan’ba menen belgilenetug’i’n yedi.

Qaraqalpaq tiline wori’s tili ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerdin’ basi’nda [ye], [wo] diftongi’ qollani’lmay, al [e], [o] monoftonglari’ jumsaladi’. Mi’sali’: *etika, epitet, estetika , opera, organ, optika* ha’m t.b. Bul so’zler qaraqalpaq a’debiy tilinde yetika, yestetika, yepitet, wopera, worgan, woptika tu’rinde jumsalmaydi’. Yendi so’z basi’nda [ye], [wo] diftonglari’ menen birge [e], [o] monoftonglari’ da jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda [ye], [wo] diftonglari’ bir pu’tin fonemalar dep sanali’p kelingen bolsa, si’rttan kirgen so’zlerdin’ sebebinen wolar yeki fonema dep yesaplani’wi’ kerek. Tildin’ fonemali’q qurami’na analiz jasag’an waqi’tta tildegi tu’pkilikli so’zler menen bir qatarda si’rttan kirgen

so’zlerdi de yesapqa ali’w kerek: “… shetten kirgen so’zlerdi qabi’l yetiwshi tilde sa’ykes fonemali’q qarama-qarsi’ qoyi’wg’a tiykar bolsa, ayti’li’w wo’zgesheligine iye bolg’an shetten kirgen seslik qubi’li’slar ayri’qsha rol woynaydi’”[1]. Solay yetip, fonologiyali’q jaqtan si’rttan kirgen so’zlerde [e], [o] monoftonglari’ tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda [ye], [wo] diftonglari’na qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. [ye], [wo] diftonglari’ sa’ykes [e], [o] monoftonglari’ni’n’ ren’kleri bolmay qaladi’. Joqari’dag’i’ mi’sallardan ko’rinip turg’ani’nday tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda [ye] diftongi’ [y] ha’m [e], [wo] diftongi’ [w] ha’m [o], [wo’] diftongi’ [w] ha’m [o’] fonemalari’ni’n’ dizbeginen turg’anli’g’i’n ta’n ali’w kerek boladi’.

---

[1] Л.Р.Зиндер, Общая фонетика, Л,1979, 67-б.

## 1.2. Qaraqalpaq tilinde ashi’q diftonglardi’n’ imlasi’

Qaraqalpaq tilinde bir buwi’nni’n’ qurami’nda [y] ha’m [w] sonorlari’ dawi’sli’ seslerdin’ birine dizbeklesip keliwi arqali’ ashi’q diftonglar jasaladi’. Wolar: ya, ya’, yo, yo’, yu, yu’, yi’, yi, ye; wo, wo’, wa, wa’, wu’, wu, wi’, wi, we. Ashi’q diftonglar qaraqalpaq tilinde so’zlerdin’ qurami’nda jumsali’wi’ jag’i’nan bir-birinen wo’zgesheliklerge iye. Bul wo’zgeshelikler [y], [w] sonorlari’ni’n’ dawi’sli’ sesler menen dizbeklesiw uqi’pli’li’g’i’na ha’m qaraqalpaq tilindegi singarmonizm ni’zami’na tikkeley baylani’sli’ boladi’. Sonday-aq diftonglardi’n’ qurami’ndag’i’ dawi’sli’ sestin’ monoftong tu’rinde jumsali’w wo’zgeshelikleri de u’lken a’hmiyetke iye.

[ya] diftongi’ qaraqalpaq tilinde so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda jumsaladi’. Mi’sali’: yapi’rmay, tayarli’q, ta’rbiya ha’m t.b. [y] ha’m [a] qosarli’ sesleri buri’ng’i’ kirill a’lipbesinde bir tan’ba (я) menen jazi’latug’i’n yedi. Al son’g’i’ lati’n a’lipbesinde bul tan’bani’n’ (я) yeki sesten turatug’i’n diftong yekenligi yesapqa ali’ni’p yeki tan’ba (y ha’m a) menen jazi’latug’i’n boladi’. Usi’g’an baylani’sli’ qaraqalpaq tilinde basqa tillerden kelip kirgen ayi’ri’m so’zlerde ya diftongi’ jazi’wda da jumsalatug’i’n boldi’. Mi’sali’: biologiya, yashik, konstituciya ha’m t.b.

[ya’] diftongi’ tek ya’ki so’zinin’ basi’nda g’ana jumsaladi’.[1] Bul so’zdin’ qaraqalpaq tilinde [a’] fonemasi’ni’n’ so’zdin’ basqa poziciyalari’nda jumsali’wi’ menen baylani’sli’. Sebebi, [a’] fonemasi’ qaraqalpaq tiline arab-parsi’ tillerinen wo’zlesken fonema bolg’anli’qtan, tu’pkilikli so’zlerde jumsali’wi’ jag’i’nan sheklenedi.

Qaraqalpaq tilinde [y] ha’m [w] seslerinin’ ayri’qsha fonema yekenin da’lillew qi’yi’n yemes. Wolar so’zdin’ basi’nda [a] ha’m [a’] dawi’sli’lari’ni’n’ aldi’nda so’z ma’nisin wo’zgertiwge qatnasa woti’ri’p,

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1999, 98-б.

ayri’qsha fonemalar xi’zmetin atqaradi’. Mi’sali’: *yar-qar-ar, ya’ki-pa’ki* si’yaqli’ jubaylas so’zlerde dawi’sli’ [a] fonemasi’ni’n’ aldi’ndag’i’ dawi’ssi’z sestin’ tu’sip qali’wi’ menen jan’a so’zler (ar) payda boladi’. Al [a’] fonemasi’ni’n’ aldi’ndag’i’ [y] sesinin’ tu’siriliwi menen jan’a so’z payda bolmaydi’. Wo’tkeni, qaraqalpaq tilinde wonday (a’ki) so’z joq. Sol si’yaqli’ yer-ter, wor-tor, wo’r-to’r si’yaqli’ kvaziomonimlerdi wolardi’n’ basi’ndag’i’ seslerdin’ wori’n almasi’wi’ arqali’ aji’rata alami’z. Wolardag’i’ [y], [w] seslerin tu’sirip qaldi’ri’w arqali’ tazadan so’zler jasalmaydi’. Joqari’dag’i’day a’ki tilde ayri’qsha so’z si’pati’nda jumsalmag’ani’ si’yaqli’ aldi’ndag’i’ sa;ykes [y], [w] sesleri tu’sirilip, er, or, o’r tu’rinde jumsalmaydi’. Kerisinshe yer, wor, wo’r tu’rinde g’ana [y], [w] dawi’ssi’zlari’ saqlani’p qollani’ladi’.

Demek, [ya], [ya’] diftonglari’ni’n’ ha’r biri so’zdin’ basi’nda yeki fonemani’n’ dizbegi retinde jumsaladi’ ha’m ha’zirgi jazi’wi’mi’zda usi’lay jazi’ladi’.

[yo] diftongi’ so’zdin’ basi’nda yosh, yod, yolka ha’m t.b. so’zlerde jumsaladi’. Bul [yo] diftongi’ qaraqalpaq tiline tiykari’nan wori’s tili ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerdin’ wortan’g’i’ poziciyalari’nda (kirill a’lipbesindegi ё ha’ribinin’ worni’na) jumsaladi’. Mi’sali’: samalyot, pryomnik ha’m t.b.

Qaraqalpaq tilinde [yo’] diftongi’ tu’pkilikli so’zlerdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda janli’ so’ylew tilinde g’ana jumsaladi’. Bul jag’day tiykari’nan singarmonizm ni’zami’na muwapi’q tu’pkilikliqarqalpaq tilindegi so’zlerdin’ aldi’ndag’i’ buwi’ni’nda kelgen yerinlik [u’] dawi’sli’ sesi son’g’i’ buwi’nlarda kelgen yeziwlik [e] dawi’sli’ sesin wo’zine sa’ykes yerinliklestiriw na’tiyjesinde awi’zeki so’ylewde [yo’] diftongi’ jumsaladi’. Mi’sali’: *tu’ye-tu’yo’, su’ye-su’yo’, ku’ye-ku’yo’* ha’m t.b. Bul so’zlerdi aytqani’mi’zda [yo’] diftongi’ yesitiledi, biraq jazi’wda tu’ye,

su'ye, ku'ye tu'rinde jazi'la beredi. [yo'] diftongi'ni'n' bunday boli'p so'zdin' aqi'ri'nda jumsali'wi' sheklengen boladi'. Tek joqari'dag'i' si'yaqli' so'zler de g'ana jumsaladi'. Qaraqalpaq tilinde [yo'] diftongi' so'zdin' tikkeley basi'nda jazi'ladi'.

Wori's tili ha'm wori's tili arqali' basqa tillerden kelip kirgen so'zlerdin' tikkeley basi'nda [yu] diftongi' jumsaladi'. Mi'sali': yusticiya, yubeley, yubka ha'm t.b. Qaraqalpaq tilinde singarmonizm ni'zami'ni'n' yerin u'nlesligine sa'ykes so'zdin' da'slepki buwi'ni'ndag'i' [o] yerinlik dawi'sli'si' son'g'i' buwi'nlardag'i' yeziwlik [i] dawi'sli'si'n yerinliklestiredi. Usi'g'an baylani'sli' ayi'ri'm so'zlerdin' wortasi'nda yamasa son'inda [yu] diftongi' awi'zeki so'ylewde qollani'ladi'. Mi'sali': moyi'n-moyun, shoyi'n-shoyun, quyi'-quyu, u'yi-u'yu, boyi'-boyu ha'm t.b. Bul jag'day tek awi'zeki so'ylewde a'melge asi'ri'ladi'. Yag'ni'y [yu] diftongi' awi'zeki so'ylewde qollani'ladi'. Jazi'wda bul jag'day yesapqa ali'nbaydi'.

[yu'] diftongi' so'zdin' tikkeley basi'nda qollani'lmaydi'. Qaraqalpaq tilinde so'zdin' wortan'g'i' ha'm aqi'rg'i' poziciyalari'nda singarmonizm ni'zami'na muwapi'q awi'zeki so'ylewde g'ana jumsaladi'. Mi'sali': ku'yin-ku'yu'n, tu'yin-tu'yu'n, su'yin-su'yu'n, u'yi-u'yu' ha'm t.b. Bul mi'sallarda da'slepki buwi'ndag'i' [u'] yerinlik dawi'sli' sesi, son'g'i' buwi'ndag'i' [i] yeziwlik dawi'sli' sesin yerinliklestiredi.

[yi'], [yi] diftonglari' so'zdin' tikkeley basi'nda jumsalmaydi'. So'zdin' wortan'g'i' ha'm aqi'rg'i' poziciyalari'nda jumsaladi'. Mi'sali': kiyim, si'yi'r, su'yir, dayi', sayi'n, keyin, ti'yi'n ha'm t.b. Sonday-aq bul diftonglar boyi', uyi', u'yi si'yaqli' so'zlerdin' qurami'nda jazi'wda saqlani'p jazi'ladi', biraq awi'zeki so'ylew tilinde yerin u'nlesligine ushi'rap boyu, uyu, u'yu' tu'rinde ayti'ladi'.

[ye] diftongi’ jumsali’wi’ jag’i’nan basqa diftonglarg’a sali’sti’rg’anda wo’zgesheliklerge iye. [ye] diftongi’ a’lipbege kirgizilgen son’g’i’ wo’zgerisler boyi’nsha tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda jazi’wda saqlani’p jazi’ladi’.[1] Sebebi, tu’pkilikli so’zdin’ basi’nda jumsalatug’i’n [e] dawi’sli’ sesi janli’ so’ylew tilinde diftonglasi’p [ye] tu’rinde ayti’ladi’. Mi’sali’: ene-yene, emen-yemen, eskek-yeskek, etik-yetik ha’m t.b. Biraq so’zdin’ wortan’g’i’ ha’m aqi’rg’i’ poziciyalari’nda [e] dawi’sli’si’ diftonglaspaydi’ yag’ni’y monoftong tu’rinde qollani’ladi’ ha’m jazi’ladi’. So’zdin’ wortan’g’i’ ha’m aqi’rg’i’ poziciyalari’nda jumsalatug’i’n [ye] diftongi’ni’n’ artikulyaciyasi’ so’z basi’ndag’i’ [ye] diftongi’ menen birdey boli’p ayti’ladi’. Biraq bul jerde [e] dawi’sli’ sesinin’ diftonglasi’p keliwi yemes. Mi’sali’: niyet, jiyen ha’m yetik, yelek so’zlerin sali’sti’ri’p qaraytug’i’n bolsaq, da’slepki yeki so’zde tu’birdin’ ishinde [ye] tu’rinde qollani’li’p tur, al so’zde bolsa so’zdin’ basi’nda [e] dawi’sli’ sesi diftonglasi’p [ye] tu’rinde jazi’li’p tur.

[wa] diftongi’ qaraqalpaq tilinde so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda jiyi qollani’ladi’. Mi’sali’: *waqi’t, waqi’ya, sazi’war, nawa* ha’m t.b.

[wa’] diftongi’ qaraqalpaq tilinde ko’pshilik jag’dayda so’zdin’ basi’nda qollani’ladi’. Mi’sali’: *wa’j, wa’-liy, wa’-de, wa’-kil, wa’-zir* ha’m t.b. Bul diftong ha’zirgi qaraqalpaq tilinde so’zdin’ wortan’g’i’ ha’m son’g’i’ wori’nlari’nda jumsali’wi’ jag’i’nan sheklengen boladi’.

[wo], [wo’] diftonglari’ ha’zirgi qaraqalpaq tilinde jumsali’wi’ jag’i’nan biraz wo’zgesheliklerge iye boladi’. Bul yeki diftong qaraqalpaq tilinde tu’pkilikli so’zlerdin’ tikkeley basi’nda jumsaladi’.

A’lipbedegi son’g’i’ wo’zgerisler boyi’nsha tu’pkilikli qaraqalpaq tilindegi so’zlerdin’ basi’nda [o] sesi [wo], [o’] sesi [wo’] tu’rinde yag’niy

[1] Дәўлетов А. Әлипбедеги өзгерислер – турмыс талабы. «Еркин Қарақалпақстан», 2010, №2.

ayti’li’wi’ boyi’nsha jazi’latug’i’n boldi’.[1] Mi’sali’: *ot-wot, oyi’n-woyi’n, o’mir-wo’mir, o’sek-wo’sek* ha’m t.b.

Qaraqalapaq tiline wori’s tili ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden wo’zlesken so’zlerde [o] dawi’sli’ sesi diftonglaspaydi’ ha’m bul jazi’wda yesapqa ali’ni’p, monoftong tu’rinde jazi’la beredi. Mi’sali’: *oda, operator, ocherk* ha’m t.b.

[wo], [wo’] diftonglari’ so’zdin’ wortan’g’i’ ha’m aqi’rg’i’ wori’nlari’nda jumsali’wi’ jag’i’nan bir-birinen wo’zgesheliklerge iye. [wo] diftongi’ so’zdin’ son’g’i’ buwi’nlari’nda yerin u’nlesligine sa’ykes ayi’ri’m so’zlerdin’ qurami’nda janli’ so’ylew tilinde g’ana qollani’ladi’. Mi’sali’: tu’we-tu’wo’. Biraq bul jazi’wda yesapqa ali’nbaydi’. [wo], [wo’] diftonglari’ so’zdin’ basi’nda g’ana diftong tu’rinde jazi’ladi’, al basqa poziciyalarda [o] dawi’sli’ sesi jazi’la beredi.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde so’zdin’ qurami’ndag’i’ yeziwlik dawi’sli’lar (i’, i, e) tek [w] dawi’ssi’zi’ni’n’ ta’siri na’tiyjesinde sa’ykes yerinlik (u, u’, o’) dawi’sli’larg’a aylani’p ayti’ladi’. Yerinlik dawi’sli’lari’ni’n’ son’g’i’ buwi’nlari’ndag’i’ shekleniwshiligi qos yerinlik [w] dawi’ssi’zi’ni’n’ ta’siri na’tiyjesinde saplasti’ri’ladi’. Ani’g’i’raq aytqanda, qos yerinlik [w] dawi’ssi’z wo’zi menen qon’si’las kelgen qi’si’q yeziwlik dawi’sli’lardi’ sa’ykes yerinlik dawi’sli’larg’a aylanadi’. Yekinshi ha’m wonnan son’g’i’ buwi’nlarda jumsalg’an yerinlik dawi’ssi’z [w] fonemasi’ wo’zinin’ aldi’nda kelgen [e], [i] fonemalari’n sa’ykes yerinlik [u], [u’] fonemalari’na aylandi’radi’. Mi’sali’: *ali’w-aluw, woqi’w-woquw, ju’ziw-ju’zu’w, bo’liw-bo’lu’w, ju’riw-ju’ru’w* ha’m t.b. Sonday-aq son’g’i’ buwi’nlarda yerinlik [w] dawi’ssi’z fonemasi’ni’n’ son’i’nda qi’si’q dawi’sli’ yeziwlik [i], [i’], [e] fonemalari’ kelgende birinshi buwi’ndag’i’ dawi’sli’ni’n’ yerinlik yamasa yeziwlik boli’wi’na qaramastan sa’ykes [u],

---

[1] Кудайбергенов М. Әлипбедеги өзгерислер ҳәм қосымшалар. «Қарақалпақ университети», 2009, №207.

[u’], [o’] yerinlik dawi’sli’lari’na aylani’p ayti’ladi’. Mi’sali’: juwi’n-juwun, su’wen-su’wo’n, ju’wen-ju’wo’n ha’m t.b.[1]

Bul fonetikali’q jag’day qaraqalpaq tilindegi [wo], [wu], [wu’] diftonglari’ni’n’ so’zdin’ wortasi’ ha’m aqi’ri’nda jumsali’wi’na tiykar bola aladi’. Mi’sali’: su’wen-su’wo’n, ta’wir-ta’wu’r, awi’r-awur ha’m t.b.

Demek, [wo], [wu], [wu’] diftonglari’ so’zdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda awi’zeki so’ylewde g’ana jumsaladi’. Jazi’wda wolardi’n’ worni’na [we], [wi’], [wi] diftonglari’ jazi’ladi’. Bul diftonglar (wo’ diftonginen basqa) qaraqalpaq tilinde so’zlerdin’ basi’nda uluwma jumsalmaydi’. Ashi’q diftonglar ko’pshilik jag’dayda so’zdin’ wortan’g’i’ ha’m aqi’rg’i’ poziciyalari’nda wo’nimli jumsaladi’.

Jan’a a’lipbedegi wo’zgerisler boyi’nsha qaraqalpaq tilinde so’zdin’ basi’nda jumsalatug’i’n [e] ha’m [ye], [o] ha’m [wo], [o’] ha’m [wo’] tan’balari’na ha’zirgi jazi’wda sa’wleleniwine ayri’qsha toqtap wo’tpekshimiz.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisi haqqi’nda so’z yetilgen ko’pshilik a’debiyatlarda tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda jumsalatug’i’n dawi’sli’ [e], [o], [o’] fonemalari’ mudami’ diftong tu’rinde ayti’ladi’. Yag’niy [e] fonemasi’ bul jag’dayda [y] sesi menen, [o] ha’m [o’] fonemasi’ [w] sesi menen dizbeklesip keledi dep ko’rsetedi. Haqi’yqati’nda da fonetikali’q (artikulyaciyali’q ha’m akustikali’q) jaqtan tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’ndag’i’ [e], [o], [o’] ha’ripleri menen an’lati’li’p ju’rgen sesler [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ boli’p, wolardi’n’ ha’r biri haqi’yqat, yeki sestin’ dizbegi tu’rinde ayti’ladi’.[2] Bular jo’ninde wo’tken a’sirdin’ 30-ji’llari’nda-aq ulli’ lingvist ali’mlardan E.D.Polivanov, S.E.Malov, N.A.Baskakovlar wo’z miynetlerinde ayti’p wo’tkenligin kirisiw bo’liminde ken’ tu’rde

---

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалапақ тили. Фонетика. Нөкис, 1999, 298-б.
[2] Da’wletovA. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika, No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2005, 48-b.

toqtap wo’ttik. Bul ilimpazlar dawi’sli’lardag’i’ diftong qubi’li’si’ ha’m dawi’ssi’zlardag’i’ [h] sesinin’ jumsali’wi’ qaraqalpaq tilin qazaq tilinen fonetikali’q jaqtan ayi’ri’p turatug’i’nli’g’i’ jo’ninde de aytqan yedi.

Son’g’i’ da’wirde yag’ni’y ha’zirgi waqi’tta qaraqalpaq tilinin’ fonetika tarawi’ boyi’nsha bir qansha izertlew jumi’slari’n ali’p bari’p ati’rg’an akademik A.Da’wletov boli’p sanaladi’. Wol qaraqalpaq tilindegi so’zdin’ basi’nda [ye], [wo], [wo’] diftonglari’n eksperimental metodlar menen izertlep qarag’ani’nda, wolardi’n’ ha’r biri [y] ha’m [e], [w] ha’m [o], [w] ha’m [o’] si’yaqli’ toli’q yeki sestin’ dizbeginen turatug’i’nli’g’i’n ani’qlag’an.

Ilimpaz bulari’n’ diftong yekenligin to’mendegi mi’sallar arqali’ da’lillep ko’rsetip bergen.

Birinshiden auditoriyali’q ta’jriybe na’tiyjesinde so’zdin’ wortasi’nda jumsalatug’i’n , yeki fonemadan turg’an [ye] ha’m [wo’] dizbekleri tin’lawshi’lar ta’repinen so’zdin’ basi’nda jumsalatug’i’n [ye], [wo’] diftonglari’ si’yaqli’ boli’p qabi’l yetiledi. Bul ta’jriybe bi’lay islengen: magnitafon lentasi’nda *niyet, jiyek, su’wo’n* si’yaqli’ so’zlerden arnawli’ apparat yekinshi buwi’nlari’ (yet, yek, wo’n) bo’linip ali’ni’p, tag’i’ da magnitofong’a jazi’p ali’ng’an. Bunda son’g’i’ jazi’p ali’ng’an buwi’nlar tin’lawshi’lar ta’repinen qaraqalpaq tilindegi qa’dimgi ma’ni bildiretug’i’n et, ek, o’n so’zleri tu’rinde qabi’l yetkenligin ayti’p wo’tken.

Yekinshiden, [wo] ha’m [wo’] diftonglari’nan baslang’an so’zlerde ayti’w waqti’nda yerinlerdi kinog’a tu’sirip kino su’wretlerge serlep qarag’anda, da’slep yerinler bir-birine jaqi’nlasi’p, [w] sesin aytqandag’i’day formag’a yenip wonnan keyin [o] ha’m [o’] seslerine ta’n bolg’an qa’lpine keledi. Solay yetip, da’slep [w] ani’q ayti’li’p keyin [o] ha’m [o’] dawam yetiletug’i’ni’n ani’qlag’an.

U’shinshiden, ostillograf apparati’nda tu’sirilgen su’wretlerdegi si’zi’qlarg’a qarap, so’zdin’ basi’ndag’i’ [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ni’n’ ha’r biri toli’q yeki sesten turatug’i’nli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. Oscillogramma materiallari’na tiykarlani’p, bul diftonglardi’n’ sozi’mli’li’g’i’ yeki fonemadan turatug’i’ni’na gu’ma’n joq. [le], [me], [lo], [mo], [lo’], [mo’] ha’m t.b. si’yaqli’ sesler dizbeklesip, wolardi’n’ sozi’mli’li’g’i’ menen ten’dey yekeni [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ni’n’ sozi’mli’li’g’i’nan yeki yese uzi’ni’raq yekeni bayqalg’an. Bul diftonglardi’n’ sozi’mli’li’g’i’ni’n’ so’zdin’ basi’nda [ya], [wa] ha’m [wa’] diftonglari’ni’n’ sozi’mli’li’gi’ menen barabar keletug’i’n yer-yar, yeki-ya’ki, woz-waz, wo’kin-wa’kil si’yaqli’ so’zlerdegi da’slepki yeki sestin’ sozi’mli’li’g’i’n sali’sti’ri’w arqali’ ani’qlanatug’i’ni’n da’lillep bere alg’an.

To’rtinshiden, ilimpaz spektrogramma materiallari’na qarag’anda da diftonglardan sonor ha’m dawi’sli’ seslerdi on’g’ari’wg’a bolatug’i’nli’g’i’n ha’m spektogrammada [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ni’n’ dawi’sli’ si’n’arlari’ ani’q formantlari’na iye bolsa, aldi’n’g’i’ si’n’ari’ni’n’ formanti’ ani’q yemes, yeki si’n’ardi’n’ tiykarg’i’ tonlari’ bir-biri menen tutasi’p turatug’i’ni’n ayti’p wo’tedi.

Ilimpazdi’n’ joqari’da keltirilgen eksperimental materiallar, sonday-aq so’ylew ag’zalari’ni’n’ ha’reketin baqlaw arqali’ so’zdin’ basi’ndag’i’ [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ni’n’ ha’r biri toli’q yeki sesten [y] ha’m [e], [w] ha’m [o], [w] ha’m [o’] seslerinen turatug’i’nli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. Ilimpaz biraq wolardi’ yeki fonema dep tani’w ushi’n joqari’dag’i’ fonetikali’q mag’li’wmatlar yele de jetkiliksiz yekenligin ha’m bul ma’seleni duri’s sheshiw ushi’n tildin’ fonemali’q sistemasi’n tallap ko’riw kerek yekenligin ayti’p wo’tedi.

Tildin' fonemali'q sistemasi'na tiykarlani'w kerek yekenligi professor L.R.Zinder ta'repinen bi'lay delinedi: "… diftong dara-dara yeki fonemani'n' dizbeginen quralama yamasa fonetikali'q jaqtan qospali' bolg'an bir fonema ma? Bul sorawg'a sol tilidin' tutas fonemali'q sistemasi'n izertlew arqali' g'ana ani'q juwap beriw mu'mkin"[1] – dep ko'rsetedi. Demek, biz joqari'dag'i' fonetikali'q (artikulyaciyali'q) faktler menen birlikte qaraqalpaq tilinin' seslik sistemasi'na fonemali'q tallaw jasag'ani'mi'zda da barli'q diftonglardi'n' yeki fonemani'n' dizbeginen turatug'i'nli'g'i'n ani'qlawi'mi'zg'a boladi'.

Geypara tu'rkiy tillerde so'zdin' basi'nda jumsalatug'i'n [ye] diftongi'ni'n' yeki fonemadan turatug'i'nli'g'i'n da'lillew qi'yi'n yemes. Mi'sali': wo'zbek a'debiy tilinde [e] monoftongi' ha'm [ye] diftongi' so'zdin' basi'nda jumsalatug'i'nli'g'i' belgili. Solay yetip so'zdin' basi'nda [ye] ha'm [e] wo'zara qarama-qarsi' qoyi'ladi'. Mi'sali': yer-er. Bul mi'salda da'slepki so'z jer ma'nisinde, al son'g'i' so'z er adam ma'nisin bildiredi. Bul si'yaqli' qubi'li's wori's tilinde de ushi'rasadi'. Wori's tilinde so'zdin' basi'nda [e] monoftongi' jumsali'p, wol [e] ha'ribi menen belgilenedi. Mi'sali': *ел, есть, поел, съел, в семье.* Solay yetip, so'zdin' basi'nda [ye] diftongi' menen bir qatarda [e] monoftongi' da jumsaladi'.

A'debiy tilde birdey fonetikali'q jag'dayda (mi'sali': so'zdin' basi'nda) bir fonemani'n' yeki tu'rli ren'ki jumsalmaydi', al bir qi'yli' ren'ki jumsaladi'. Wori's tilinde [e] ha'm [э] wo'z aldi'na basqa-basqa fonemalar dep sanaladi'. Al wolar bir fonemani'n' (e fonemasi'ni'n') ren'kleri dep yesaplanadi'. Sonli'qtan [e] ha'm [э] tu'rinde ha'r qi'yli' boli'p jazi'li'wi'na qarap, wolardi' ha'r tu'rli fonemalar dep yesaplawg'a bolmaydi'.

[1] Зиндер Л.Р. Общая фонетика. Ленинград, 1960, 8-б.

Solay yetip, so’zdin’ basi’nda diftong yemes, taza [e] dawi’sli’ fonemasi’ ushi’rasatug’i’n tillerde (wo’zbek ha’m wori’s) fonetikali’q jag’dayda so’zdin’ basi’nda jumsalg’an [ye] diftongi’ni’n’ yeki fonemadan turatug’i’nli’g’i’n bilemiz. Qaraqalpaq tiline wori’s tilinen kirgen ekran, ekonomika, opera si’yaqli’ so’zlerdin’ kelip kiriw, yag’niy so’zdin’ basi’nda [e], [o] monoftongi’ni’n’ keliwi menen bul tu’sinik pu’tkilley wo’zgeredi. Qaraqalpaq a’debiy tilinde wol so’zler yekran, yekonomika, wopera tu’rinde yemes, ekran, ekonomika, opera tu’rinde g’ana ayti’ladi’. Demek, wori’s tilinen [e], [o] monoftonglari’nan baslang’an so’zlerdin’ kelip kiriwi menen yendi [e] ha’m [o] fonemalari’ni’n’ so’z basi’nda diftong tu’rinde ayti’li’wi’ fonetikali’q jag’daydi’n’ (so’zdin’ basi’nda keliwinin’) sebebinen dep yesapalani’lmaydi’. Solay yetip, so’z basi’ndag’i’ [e], [o] monoftonglari’ tap sonday fonetikali’q jag’daydag’i’ [ye], [wo] diftonglari’na qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’: ha’zirgi imla qag’i’ydalari’ boyi’nsha *elektr-elek, eser-eser, orden-ordi’n’, eston-esten, opera-opi’ra* tu’rinde jazi’latug’i’n bul so’zler fonematikali’q jaqtan *elektr-yelek, eser-yeser, orden-wori’n’, eston-yesten, opera-wopi’ra* ha’m t.b. boli’p, bul jubaylas so’zlerde [e]-[ye], [o]-[wo] tu’rinde wo’z ara qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. So’zdin’ basi’nda jumsalatug’i’n [ye], [wo] diftonglari’ni’n’ ha’r biri buri’nda bir pu’tin dara fonema (monofonema) dep sanali’p kelingen bolsa, yendi wori’s tilinen kirgen so’zlerdin’ sebebinen wolardi’n’ ha’r qaysi’si’n yeki fonemani’n’ dizbeginen turadi’ dep yesaplawg’a tuwra keledi.

Demek, [e] ha’ribi so’zdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda yesitilgen wori’nlari’nda monoftong tu’rinde jazi’ladi’, al so’zdin’ basi’nda [ye] diftong tu’rinde jazi’ladi’. Ja’ne de wori’s tilinen ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerde [e] monoftong tu’rinde jazi’ladi’. Mi’sali’: ekskovator, eksport, emal, estetika, etika, Elizaveta, Igor so’zlerdin’

basi’nda obyekt, syezd, razyezd ha’m t.b. si’yaqli’ so’zlerdin’ wortasi’nda da jazi’ladi’.

[wo] diftongi’ so’zdin’ basi’nda diftong tu’rinde jazi’ladi’. Al tek bir buwi’nli’ so’zlerde yamasa ko’p buwi’nli’ so’zlerdi’n’ birinshi buwi’ni’nda [o] monoftong tu’rinde jazi’ladi’: *boz, jol, qolg’ap, sorpa, sora* ha’m t.b. Wori’s tilinen wo’zlestirilgen so’zlerdin’ basi’nda pa’tli buwi’nda kelgende [o] sesin an’lati’w qollani’aldi’: *okrug, organ, optika, oblast, oda* ha’m t.b. Al pa’tsiz buwi’nda kelgende [a] sesin an’lati’w ushi’n jumsaladi’: *odekolon, opponent, omonim, olimpiada, okulist, okop* ha’m t.b. Sonday-aq so’zdin’ aqi’ri’nda *palto, radio, foto* si’yaqli’ biren’-saran’ so’zlerde ha’m azot, azon, gazon si’yaqli’ yekinshi buwi’nlarda da jazi’ladi’.

[wo’] diftongi’ so’zdin’ basi’nda diftong tu’rinde jazi’ladi’. Bir buwi’nli’ yamasa ko’p buwi’nli’ so’zlerdin’ birinshi buwi’ni’nda monoftong tu’rinde de jazi’ladi’. Mi’sali’: *ko’z, ko’mir, so’z, bo’rek, sho’rek, To’legen, To’rebay* ha’m t.b. wog’ada siyrek jag’dayda *a’tko’nshek, a’to’shkir, a’tsho’k* si’yaqli’ so’zlerde g’ana yekinshi buwi’nda jazi’ladi’.

Joqari’dag’i’ pikirlerge tiykarlana woti’ri’p, so’zdin’ yen’ basi’nda jumsalatug’i’n [ye] diftongi’ fonologiyali’q jaqtan [y] ha’m [e] fonemalari’ni’n’ [wo], [wo’] diftonglari’ sa’ykes [w] ha’m [o], [w] ha’m [o’] fonemalari’ni’n’ dizbeginen turadi’, degen juwmaq shi’g’ari’ladi’. Qaraqalpaq a’lipbesinin’ da’stu’ri boyi’nsha ha’r bir fonema ayri’qsha ha’rip penen tan’balanadi’. Usi’ jag’daylardi’ yesapqa ala woti’ri’p, so’z basi’ndag’i’ barli’q diftonglardi’ soni’n’ ishinde [ye], [wo], [wo’] diftonglari’n da yeki tan’ba menen belgilew teoriyali’q jaqtan da, a’meliy jaqtan da maqsetke muwapi’q boladi’.[1]

[1] Da’wletov A. Qaraqalpaq a’lipbesi jetilisiw joli’nda. Ha’zirgi filologiya iliminin’ a’hmiyetli ma’seleleri, No’kis, 2011.

Uluwma joqari'dag'i' keltirilgen pikirler ha'm da'lillewler na'tiyjesinde ha'zirgi jan'a a'lipbe boyi'nsha [ye], [wo], [wo'] diftonglari' so'zdin' basi'nda diftong tu'rinde jazi'latug'i'n boldi'. Bul wo'zgeshelikler qaraqalpaq tilinin' tiykarg'i' ni'zami' singarmonizm ni'zami' menen ti'g'i'z baylani'sli' boli'p yesaplanadi'. Bul diftonglar so'zlerdin' qurami'nda jumsali'wi'n u'yreniw qaraqalpaq tilinde seslerge baylani'sli' seslik qubi'li'slardi' u'yreniwge u'lken a'hmiyetke iye ma'selerdin' biri.

# II BAP. Qaraqalpaq tilinde tuyi’q diftonglar

## 2.1. Qaraqalpaq tilinde tuyi’q diftonglardi’n’ fonetitkali’q-fonologiyali’q si’patalmasi’

Tildin’ yen’ kishi birligi sanalatug’i’n sesler jeke turg’anda yemes, so’zlerde jumsalg’anda wo’zinin’ ta’biyiy hali’n saqlaydi’. Sonli’qtan da seslerge si’patlama bergende woni’n’ dara qa’lpi yemes, al tu’rli fonetikali’q jag’dayda so’zde jusalg’an hali’ itibarg’a ai’ni’wi’ kerek. Tildin’ seslik du’zilisin duri’s ani’qlaw ushi’n tek g’an dara turg’andag’i’ jeke seslerge si’patlama beriwdin’ wo’zi jetkiliksiz, al seslerdin’ so’zdegi tu’rli wo’zgerisleri menen qosa u’yrengende g’ana tildin’ seslik du’zilisin ha’m woni’n’ fonetikali’q quri’li’si’ jo’ninde toli’q mag’li’wmatlarg’a iye bola alami’z.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisin u’yrengenimizde dara seslerdin’ so’zlerde jumsali’wi’ wo’zgesheligine ha’m singarmonizm jag’dayi’ndag’i’ wo’zgerisleri ayri’qsha di’qqatqa i’layi’q. Seslerdin’ so’ylew ag’i’mi’nda wo’zinin’ ta’biyiy hali’nda tu’rli frnetikali’q jag’daylardi’n’ ta’siri asti’nda u’yrenilgen tu’rkiy tillerinin’ seslik du’zilisin izertlewde ayri’qsha a’hmiyetke iye. Sebebi tu’rkiy tillerde, soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde ha’r bir dawi’sli’ fonema buwi’n quri’li’si’nda jumsalg’anda singarmonizmge muwapi’q to’rt tu’rli tembrdin’ birinde jumsaladi’. Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z fonemalar juwan-eziwlik, juwan-erinlik, jin’ishke-eziwlik, jin’ishke-erinlik tu’rinde to’rt tu’rli tembrde ko’rinedi. Biraq wolardi’n’ to’rt tu’rli tembri to’rt fonema yemes. Bul jag’day to’rt tu’rli tembrde boli’wi’na qaramastan ashi’q [a] menen qi’si’q [i’] ni’, ashi’q [o] menen qi’si’q [u] ni’, ashi’q [o’] menen qi’si’q [u’] ni, ashi’q [a’] menen qi’si’q [i] yamasa [e] ni bir pu’tin fonema yemes, al wolardi’n’ ha’r birinin’ ayri’qsha fonema yekenligin tasti’yqlaydi’.

Qaraqalpaq tilindegi ha’r bir dawi’ssi’z fonema buwi’nni’n’ si’pati’na qaray qatan’ tu’rde ya juwan-yeziwlik, ya jin’ishke-yeziwlik, ya juwan-yerinlik, ya jin’ishke – yerinlik ren’kte jumsaladi’. Dawi’ssi’z fonemalardi’n’ usi’ to’rt tu’rli ren’kinin’ qaysi’si’ni’n’ keletug’i’nli’g’i’n singarmonizmge sa’ykes buwi’nnan ma’lim boli’p turadi’. Wol ren’klerdin’ to’rtewinin’ de atqaratug’i’n fonologiyali’q xi’zmetleri tepe-ten’. Dawi’ssi’z fonemalarg’a si’patlama beriwde wolardi’n’ usi’nday jag’daylari’n yesapqa ali’p ha’r bir dawi’ssi’z fonemani’n’ renkleri ten’dey da’rejede yekenligine di’qqat bo’liw kerek. Dawi’ssi’z fonemalardi’n’ juwan ren’kin aytqanda tildin’ artqi’ bo’limi , al jin’ishke ren’kin aytqanda tildin’ wortan’g’i’ bo’limi ko’terin’ki halda boladi’. Dawi’ssi’zlardi’n’ yerinlik ren’kin aytqanda yerinler jaqi’nlasi’p u’yiriliwi, yeziwlik ren’kin aytqanda yerinler ashi’q ha’m biyta’rep halda boli’wi’ talap yetiledi.

Qaraqalpaq tilindegi qos yerinlik, juwi’si’n’qi’, sonor, awi’zli’q [w] fonemasi’ artikulyatsiyali’q jaqtan yeki yerinnin’ alg’a qaray u’yirilip, do’n’gelek san’laq payda yetiw na’tiyjesinde ha’m jumsaq tan’lay joqari’ ko’terilip, muri’n joli’n jawi’p turi’wi’ arqali’ jasaladi’. Hawa ag’i’mi’ awi’z arqali’ wo’tkenlikten wol awi’zli’q fonema boli’p tabi’ladi’. Erinninn’ jag’dayi’ dawi’sli’lardi’ aytqandag’i’g’a uqsaydi’. Barli’q dawi’ssi’zlar fonetikali’q jag’daydi’n’ sebebinen, yag’ni’y yerinlik dawi’sli’lar menen bir buwi’nda kelgeni sebepli yerinlik ren’klerine iye bolsa, yerinlik [w] fonemasi’ mudami’ tek yerinlik ren’klerinde g’ana juwan ha’m jin’ishke tu’rinde jumsaladi’. Solay yetip bul fonema mudami’ ya juwan yerinlik, ya jin’ishke reinlik ren’kleri arqali’ ko’rinedi de, al basqa dawi’ssi’z fonemalar si’yaqli’ woni’n’ juwan yeziwlik ha’m jin’ishke yeziwlik ren’kleri bolmaydi’. Basqa dawi’ssi’z fonemalardan tag’i’ bir ayri’qshali’g’i’ [w] dawi’ssi’zi’ so’zdin’ basi’nda bir tu’rli so’zdin’ aqi’ri’nda basqa tu’rli ren’klerde jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda jasali’w worni’ndag’i’ so’ylew

ag’zalari’ni’n’ tosqi’nli’g’i’ ku’shlirek boli’p, dawi’ssi’z seske ta’n artikulyatsiyag’a iye boladi’. Al so’zdin’ aqi’ri’nda tosqi’nli’gi’ wo’lpen boladi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde birden-bir til wortasi’ dawi’ssi’z fonemasi’ [y] boli’p, wol juwi’si’n’qi’, sonor, awi’zli’q fonema boli’p sanaladi’. Akustikali’q jaqtan [y] sonor bolg’anli’qtan shawqi’mg’a qarag’anda dawi’s basi’mi’raq qatnasadi’. Bul fonema so’zdin’ basi’nda shawqi’m basi’mi’raq hawa ag’i’mi’ ku’shlirek boladi’. So’zdin’ wortasi’ ha’m aqi’ri’nda dawi’s basi’mi’raq hawa ag’i’mi’ wo’lpen’irek boladi’.

Dawi’ssi’z [w] ha’m [y] sonorlari’ so’zdin’ ha’r qi’yli’ wori’nlari’nda dawi’sli’lardan keyin dizbeklesip kelip, tuyi’q diftonglardi’ payda yetedi. Yeger diftongti’n’ da’slepki si’n’ari’ buwi’n jasap, yekinshisi ko’mekshilik xi’zmet atqarsa, tuyi’q diftong dep ataladi’. Bir buwi’nni’n’ qurami’nda bir dawi’sli’dan baslani’p yekinshi dawi’sli’g’a pitken quramali’ sesler dizbeklesip keliwinen haqi’yqi’y diftong jasaladi’. Qaraqalpaq tilinde haqi’yqi’y diftonglar ushi’raspaydi’. Artikulyaciyali’q jaqtan dawi’sli’larg’a jaqi’n buwi’n quray almaytug’i’n y, w sonorlari’ jalg’an diftonglardi’ jasaydi’. Buwi’n quray almaytug’i’n y, w sonorlari’ dawi’sli’lardi’n’ son’i’nda kelip tuyi’q diftonglardi’ jasaydi’. Tuyi’q diftonglarg’a oy, ay, a’y, o’y, uy, ey, u’y, i’y, iy, uw, u’w, aw, a’w, ew diftonglar kiredi. Diftonglardi’n’ ha’r qaysi’si’ yeki fonemani’n’ dizbeginen turadi’. Tuyi’q diftonglar ushi’rasatug’i’n so’zler; *ay-qi’n, aw-qam, a’y-yem, a’w-lad, bay-raq, gu’y-ben’, ili-miy, uyal-ti’w* ha’m t.b. boli’p jazi’li’p diftonglardi’n’ qurami’ndag’i’ sesler wo’zinin’ sha’rtli tan’balari’na iye. Diftonglarda qatar kelgen dawi’sli’ si’n’arlari’ juwan-jin’ishke boli’p keliwi so’zlerdin’ ma’nisin wo’zgertedi. Al yekinshi dawi’ssi’z si’n’arlari’ni’n’ wo’zgeriwi menen jan’a so’zler payda boladi’. Mi’sali’: *si’y-si’n, tiy-til, juw-jut, gu’w-gu’l, tu’w-tu’s* ha’m t.b. Bul diftonglar bir pu’tin fonema boli’p sanali’wi’

ushi'n fonologiya ilimindegi qadelerge sa'ykes kelmeydi. Wolar wo'z si'n'arlari' menen bir pu'tin fonema bola almay aldi'ndag'i' dawi'sli'lar [i'], [i], [u], [u'] ha'm so'ni'ndag'i' [y], [w] wo'z aldi'na dara fonemalar boli'p turi'pti'. Qaraqalpaq tilinde yekinshi ha'm wonnan keyingi buwi'nlar dawi'ssi'zlardan baslanadi'. Al i'y, iy, uw, u'w diftonglari' si'n'arlari' arasi'nan buwi'n shegarsi' wo'tedi. Mi'sali': *ji'y-ji'-yi'n, tiy-ti-yiw, juw-ju-wi'w, tu'w-tu'-wel* ha'm t.b. Tu'bir so'zdin' son'i'na dawi'sli'dan baslang'an qosi'mtani'n' jalg'ani'wi' menen tu'birdegi [y], [w] keyingi buwi'ng'a wo'tip ketedi. Sonday-aq i'w, iw, uw, u'w diftonglari'ni'n' sozi'mli'li'g'i' [i'], [i], [u], [u'] dara seslerine sali'sti'rg'ani'mi'zda yeki yese sozi'mli'li'raq. Wolardi'n' sozi'mli'li'g'i' *i'm, il, ul* seslerinin' dizbegi si'yaqli' sozi'mli'li'g'i' birdey. Al diftonglardi'n' sozi'mli'li'g'i' tildegi basqa dara seslerdin' sozi'mli'li'g'i'nan artpawi' tiyis. Qaraqalpaq tilinde so'zdin' son'i' dawi'ssi'zg'a tamamlansa, wog'an qosi'mtani'n' dawi'sli'dan baslang'an varianti', so'zdin' son'i' dawi'sli'g'a tamamlansa, dawi'ssi'zdan baslang'an varianti' jalg'anadi'. Mi'sali': *u'kem, da'pterim, qoli'm, basi'm* so'zlerin sali'sti'rsaq i'y, iy, uw, u'w diftonglari'na tamamlang'an so'zlerde qosi'mtani'n' dawi'sli'dan baslang'an varianti' jalg'anadi'. Mi'sali': *quw-quwi'w, bari'w- bari'wi'm, kiy-kiyim* ha'm t.b. Tu'birdin' qurami'ndag'i' [y], [w] sesleri qosi'mta qosi'lg'anda keyingi buwi'ng'a wo'tedi. Keltirilgen mi'sallardag'i' diftonglar bir pu'tin fonema yemes wolardi'n' son'g'i' si'n'arlari' dawi'ssi'z fonemalar yesaplanadi'. Morfemalar shegarasi'ndag'i' ha'r tu'rli dawi'sli'lar qabatlasi'p kelgende wolarg'a i'w, iw, aw, ew, uw, u'w, tuyi'q diftong tu'rindegi qosi'mtalari' jalg'ani'wi' arqali' tu'birdegi aldi'ng'i' dawi'sli'ni'n' tu'sip qalg'anli'g'i'n ko'riwimizge boladi'. Mi'sali': *altaw, jetew, ju'dew, suyew, i'si'w* ha'm t.b. so'zlerge diftong tu'rindegi qosi'mtalardi'n' jalg'ani'wi' menen aldi'ng'i' dawi'sli'lardi'n' tu'sip qalg'anli'g'i'n ko'riwimizge boladi'. Na'tiyjede

*alti’, jeti , ju’de, su’ye, i’si’* so’zlerinin’ aqi’rg’i’ dawi’sli’lari’ tu’sirilgenlikten wolarg’a aw, ew, i’w, iw diftonglari’ wo’z pu’tinligin saqlap jalg’anadi’. So’zdin’ tu’biri dawi’ssi’zg’a tamamlang’an so’zlerge aw, ew, i’w, iw, i’y, iy diftonglari’ tikkeley jalg’ani’p tu’bir morfema shegarasi’ndag’i’ seslerdin’ tu’siriliwine za’ru’rlik bolmaydi’. Mi’sali’: *ayti’w, shertiw, ko’riw, ilimiy* ha’m t.b. Al tu’bir morfema dawi’sli’ seske tamamlansa, wog’an uw, u’w, aw, ew si’yaqli’ diftong tu’rindegi qosi’mtalar qosi’lsa, qosi’mta dawi’sli’dan baslang’anli’qtan tu’birdin’ aqi’rg’i’ dawi’sli’si’ni’n’ tu’sip qali’w za’ru’rligi tuwadi’. Sebebi wol jerde yeki qabatlasqan dawi’sli’ bir jerge ji’ynali’p qaladi’. Dawi’sli’lardi’n’ bir jerge yag’ni’y morfemalar shegarasi’na ji’ynali’p qali’wi’n boldi’rmaw ushi’n qosi’mtani’n’ basi’ndag’i’ yemes, al tu’birdin’ aqi’ri’ndag’i’ dawi’sli’ni’n’ tu’sip qalg’ani’n joqari’dag’i’ mi’sallar tasti’yi’qlaydi’. Qaraqalpaq tilinde uw, u’w tuyi’q qosarli’lari’ tu’bir morfemani’n’ barli’q wori’nlari’nda qollani’la bermeydi. Tek g’ana ayi’ri’m dara so’zler *mag’luwmat, uluwma, ayuw, ku’nshuwaq* si’yaqli’ dara so’zlerdin’ yekinshi buwi’ni’nda qollani’ladi’. Singarmonizm ni’zami’na sa’ykes so’zlerdin’ da’slepki buwi’ni’nda yerinlik dawi’sli’lardi’n’ keliwi menen yekinshi buwi’nlardag’i’ yeziwlik (i’,i,e) dawi’sli’lar yerinliklesedi. Mi’sali’: *quwi’w-quwuw, suwi’w-suwuw, ju’dew-ju’do’w, ju’ziw-ju’zu’w, woqi’w-woquw* ha’m t.b. Usi’ si’yaqli’ so’zlerdi jazi’wda -uw, -u’w qosarli’lari’n birinshi buwi’nda, al -i’w, -iw ekinshi ha’m wonnan keyingi buwi’nlarda qollani’w teoriyali’q ha’m a’meliy jaqtan u’lken a’hmiyetke iye.

Qaraqalpaq tilinde –i’y-iy qosarli’si’ yeki sestin’ birikpesi arqali’ sozi’li’n’qi’ ayti’ladi’. Qosarli’ diftonglar –i’y –iy tu’bir so’zlerde bir buwi’nni’n’ qurami’nda da jumsaladi’. Biraq bul ko’p buwi’nli’ so’zlerdin’ buwi’ng’a bo’liniwinde yeki buwi’nni’n’ qurami’na bo’linip ketedi. Mi’sali’: *ji’y-ji’-yi’n, qi’y-qi’-yi’q, kiy-ki-yin* ha’m t.b. Demek bul jag’day –

i'y-iy qosarli'lari'ni'n' ori's tilindegidey bir fonema retinde и (i) grafemasi' menen tan'balawdi'n' qaraqalpaq tilinin' ta'biyati'na sa'ykes kelmeytug'i'ni'nan derek beredi.

Ha'zirgi jazi'wi'mi'zda qi'sqa ayti'latug'i'n i ha'ribi yeki tu'rli ko'riniste jazi'li'p ju'r. Mi'sali': *qa'niyge-qanige, ta'g'diyir-ta'g'dir, ta'sir-ta'siyr, aziyz-aziz, Karamatdiyin-Karmatdin* ha'm t.b. Bul so'zler lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an imla qag'i'ydalari' boyi'nsha i sozi'li'n'qi' ayti'lsa da, wolardi'n' mi'saldag'i' keyingi jazi'li'wi' duri's boladi'.

Yerinlik dawi'sli'lar so'zdin' son'g'i' buwi'ni'nda shekleniwshiligi qos erinlik [w] dawi'ssi'zi'ni'n' ta'siri na'tiyjesinde saplasti'ri'ladi'. Yag'ni'y qos erinlik [w] dawi'ssi'zi' wo'zi menen qon'si'las kelgen qi'si'q yeziwlik dawi'sli'lardi' sa'ykes yerinlik dawi'sli'larg'a aylandi'radi'. Yekinshi ha'm wonnan son'g'i' buwi'nlarda jumsalg'an yerinlik dawi'ssi'z [w] wo'zinin' aldi'ndag'i' yeziwlik dawi'sli'lardi' yerinlikke aylandi'radi'. Mi'sali': *ayti'w-aytuw, ko'riw-ko'ru'w, biliw-bilu'w, oqi'w-oquw, basqari'w-basqaruw, jetkeriw-jetkeru'w* ha'm t.b. Mi'sallardag'i' son'g'i' buwi'nlardag'i' yerinlik [w] wo'zinen aldi'n kelgen qi'si'q [i'], [i] dawi'sli' fonemalari'n [u], [u'] yerinlik fonemalari'na aylandi'ri'p ayti'ladi'. Sol sebepli qaraqalpaq tilinde [w] fonemasi'ni'n' wo'zi qatnasatug'i'n buwi'nni'n' si'pati'na qaray yeki tu'rli ren'kte jumsaladi'. Juwan buwi'nda [w], jin'ishke buwi'nda [w¹] boli'p basqa dawi'ssi'z fonemalar si'yaqli' to'rt tu'rli ren'ki bolmaydi'. Mi'sali': *waz, woz* juwan buwi'nlarda; *wa'j, wo'z* jin'ishke buwi'nlarda bul [w] sonori' basqa dawi'ssi'zlar si'yaqli' dawi'sli'lar menen kelip bir qi'yli' tembrdegi ha'r tu'rli buwi'nlarda jumsala aladi'. Mi'sali': *ataw-ati'w, tawi'p-tewip, jaw-jew* ha'm t. b. Bul jubaylas so'zlerdegi [w] dawi'ssi'zi', sonday-aq wol so'zlerdegi basqa dawi'ssi'zlar da birdey tembrdegi ha'r tu'rli dawi'sli'lar menen buwi'n quri'li'si'nda kelip buwi'nlardi'n' quri'li'si'nan g'a'rezsiz jag'dayda

segmentlik birlik si'pati'nda wo'zinshe fonema xi'zmetin atqari'p tur. Sebebi wol jubaylas so'zlerde tek dawi'sli'lar wori'n almasi'wi' menen so'zlerdin' ma'nisi wo'zgergen, al dawi'ssi'zlar hesh wo'zgeriske ushi'ramay wolar birdey ren'kte jumsalg'an.

Qaraqalpaq tilinde [y] dawi'ssi'z fonemasi' singormonizmge i'layi'q jumsalatug'i'n buwi'nlardi'n' si'pati'na qaray yeki tu'rli ren'kte jumsaladi'. Yeziwlik buwi'nda [y], yerinlik buwi'nda [y[1]] ren'ki jumsaladi'. Bul fonemani'n' juwan ren'ki bolmaydi'. Y dawi'ssi'zi' jasali'wi' boyi'nsha birden-bir jin'ishke fonema boli'p tabi'ladi'. Qalg'an barli'q dawi'ssi'zlar ayti'lg'anda mudami' til wortasi' [y] dawi'ssi'z fonemasi'ni'n' ayti'li'wi'nana jaqi'nlasadi'. Mi'sali': *yar, yabi' – eziwlik buwi'nda, yosh, yod – erinlik buwi'nda*. Bul dawi'ssi'zlardi'n' yeziwlik ha'm yerinlik ren'kleri tek ashi'q dawi'sli'lar menen yemes, sonday-aq wolar menen birdey tembrde bolatug'i'n qi'si'q dawi'sli'lar menen de keledi. Mi'sali': *tay-ti'y, qoy-quy* jubaylas so'zlerinde dawi'ssi'zlar wo'zgerissiz qalg'an, dawi'sli'lardi'n' wo'zgeriwi menen so'z ma'nisi wo'zgergen. Sonday-aq *say-soy* jubaylas so'zlerinde [y] dawi'ssi'zi' buwi'n ko'leminde buwi'nnan aji'ralmag'an bir fonemani'n' yeki tu'rli ren'ki si'pati'nda fonologiyali'q xi'zmet atqarg'an. Bul jag'day [y] dawi'ssi'zi'ni'n' ayri'qsha dara fonema bola alatug'i'nli'g'i'n an'latadi'.

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi i'y, iy, uw, u'w diftonglari'ni'n' ha'r biri fonologiyali'q jaqtan yeki sesten quralg'an fonetikali'q yekenligin ko'riwimizge boladi'.

## 2.2. Qaraqalpaq tilinde tuyi’q diftonglardi’n’ imlasi’

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde tuyi’q diftonglar bir buwi’nni’n’ quri’li’si’nda [y], [w] sonorlari’ni’n’ birinin’ dizbeklesip keliwi arqali’ jasaladi’. Dawi’sli’ seslerdin’ tuyi’q diftonglardi’ jasawdag’i’ qatnasi’ birdey da’rejede bolmaydi’. Sonday-aq [y] ha’m [w] sonorlari’ da dawi’sli’ sesler menen dizbeklesip keliwinde biraz wo’zgesheliklerge iye boladi’. Bul wo’zgesheliklerdi diftonglardi’n’ so’zdin’ quri’li’si’nda jumsali’wi’n u’yreniw bari’si’nda ani’qlaymi’z.

Qaraqalpaq tilinde tuyi’q diftonglar yeki fonemani’n’ dizbeginen turi’p sha’rtli tan’balari’na iye boladi’. Wolar – [ay], [a’y], [oy], [o’y], [u’y], [uy] [i’y], [iy]. [ey], [aw], [a’w], [uw], [u’w], [ew]. Tuyi’q diftonglar ko’pshilik jag’dayda so’zdin’ son’g’i’ buwi’nlari’nda yamasa bir buwi’nli’ tu’bir so’zlerde wo’nimlirek jumsaladi’. Jumi’si’mi’zdi’n’ bul babi’nda qaraqalpaq tilindegi tuyi’q diftonglardi’n’ jumsali’w wo’zgesheliklerin ha’m ha’zirgi jazi’wda imlasi’n u’yreniwge ha’reket yetemiz.

Bul diftonglardi’n’ so’zdin’ poziciyalari’nda jumsali’wi’ dawi’sli’ seslerdin’ jumsali’wi’ menen tikkeley baylani’sli’ boladi’.

[ay], [a’y] diftonglari’ so’zdin’ barli’q poziciyalari’nda jumsala aladi’. Mi’sali’: bar-may-di’, ay-na, a’y-tewir, ha’y-kel ha’m t.b.

[ay] diftongi’ni’n’ so’zdin’ wortan’g’i’ poziciyasi’nda ko’binese tu’bir so’zlerge [a’y] diftongi’ so’zdin’ tikkeley son’g’i’ poziciyasi’nda jumsali’wi’ biraz sheklengen boladi’.

[ey] tuyi’q diftongi’ so’zdin’ tikkeley basi’nda jumsalmaydi’. Bul jag’day qaraqalpaq tilinde jazi’wda [e] tan’basi’nan baslanatug’i’n so’zlerdin’ basi’nda ayti’wda ashi’q [ye] diftongti’n’ jumsali’wi’ menen baylani’sli’. A’lipbege ha’m imla qag’i’ydalari’na kirgizilgen son’g’i’ wo’zgerisler boyi’nsha jazi’wda da [ye] diftongi’ saqlani’p jazi’latug’i’n

boldi'.[1] Bul wo'zgerislerde [e] tan'basi'nan baslanatug'i'n wori's tili arqali' kelip kirgen so'zlerdin' wortan'g'i' ha'm son'g'i' poziciyalari'nda tu'pkilikli so'zlerde sheklenbesten jumsala beredi. Mi'sali': ko'-bey, so'y-ley-di, du'-be-ley ha'm t.b.

[oy], [o'y] diftonglari' qaraqalpaq tilinde ko'p buwi'nli' so'zlerin' son'g'i' buwi'nlari'nda jumsalmaydi'. Bir buwi'nli' so'zlerdin' basi'nda ha'm ko'p buwi'nli' so'zlerdin' da'slepki buwi'nlari'nda g'ana jumsaladi'. Mi'sali': *so'y-le, qoy, oy-na, o'yt-keni, oy-maq* ha'm t.b. Bul mi'sallardag'i' diftonglardi'n' so'zdin' tikkeley basi'nda jumsali'wi' ayi'ri'm wo'zgesheliklerge iye boladi'. Sebebi, imla qa'delerine kirgizilgen son'g'i' wo'zgerisler boyi'nsha oy-na, o'yt-keni si'yaqli' tuyi'q diftonglardi'n' aldi'na [w] dawi'ssi'z sesi qosi'li'p woyna, wo'ytkeni tu'rinde jazi'latug'i'n boldi'. Bunday so'zdin' basi'nda jumsalatug'i'n diftonglardi'n' ashi'q yamasa tuyi'q yekenligin ani'qlawi'mi'z kerek boladi'.

[uy], [u'y] diftonglari' tek so'zdin' basi'nda ha'm bir buwi'nli' so'zlerdin' qurami'nda ga'na jumsala aladi'. Mi'sali': *uy-g'i'r, uy-qi', uy-qas, u'y-rek, tu'y, ku'y, u'y, u'y-ren* ha'm t.b. Bul diftonglar so'din' son'g'i' buwi'nlari'nda jumsali'wi' sheklengen. Sebebi, [u] ha'm [y], [u'] ha'm [y] seslerinin' dizbeklesiwinen jasalg'an diftonglardi' so'zdin' son'i'nda buwi'nni'n' shegarasi' ayi'ri'p turadi'.

Qaraqalpaq tilinde [i'y], [iy], [uw], [u'w] diftonglari' jumsali'wi' jag'i'nan bir qatar wo'zgesheliklerge iye. Bul diftonglardi'n' ha'r qaysi'si' bir pu'tin fonema yemes, al wolardi'n' ha'r biri yeki fonemani'n' dizbeginen turatug'i'nlig'i'n toli'q da'lilleytug'i'n mag'li'wmatlardi' akademik A.Da'wletovti'n' "Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika"[2] atli' kitabi'nan ko'riwimizge boladi'.

---

[1] Дәулетов А. Әлипбедеги өзгерислер – турмыс талабы. «Еркин Қарақалпақстан», 2010, №2.
[2] Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika, No'kis, Qaraqalpaqstan, 2005, 46-48-b.

Bunda tiykari’nan ilimpaz birinshiden, bul diftonglardi’n’ juwan-jin’ishkeligi, ani’g’i’raq aytqanda, wolardi’n’ dawi’sli’ si’n’ari’ni’n’ juwan yamasa jin’ishkeligi so’zlerdin’ ma’nisin ayi’ratug’i’ni’n aytqan. Mi’sali’: *ji’y-jiy, ti’y-tiy, tuw-tu’w* ha’m t.b. Bul jubaylas so’zlerdegi dawi’sli’lardi’n’ wori’n almasi’wi’ menen so’zlerdegi ma’nisi wo’zgerip tur. Sonday-aq diftonglardi’n’ yekinshi si’n’ari’ni’n’ basqa dawi’ssi’z benen wori’n almasi’wi’ arqali’ da so’zdin’ ma’nisi wo’zgerip, jan’a so’z payda boladi’. Mi’sali’: *ji’y-ji’l, jiy-jik, ti’y-ti’n, tuw-tur* ha’m t.b. Fonologiya iliminde uluwma qabi’l yetilgen qa’deler boyi’nsha diftonglar bir pu’tin fonema boli’p sanali’wi’ ushi’n bunday bolmawi’ kerek. Solay yetip, bul diftonglardi’n’ si’n’arlari’ birigip aji’ralmas bir pu’tin fonema bola almay, aldi’ndag’i’ dawi’sli’lari’ [i’], [i], [u], [u’] ha’m son’i’ndag’i’ [y], [w] dawi’ssi’zlari’ wo’z aldi’na dara-dara fonemalar boli’p sanaladi’.

Yekinshiden, [i’y], [iy], [uw], [u’w] diftonglari’ni’n’ si’n’arlari’ arasi’nan buwi’nni’n’ shegarasi’ wo’tedi. Mi’sali’: bul diftonglarg’a tamamlang’an so’zdin’ son’i’na dawi’sli’dan baslang’an qosi’mta qosi’lsa, son’g’i’ si’n’ari’ (y,w) kelesi buwi’nni’n’ qurami’na wo’tedi. Wo’ytkeni qaraqalpaq tilinde yekinshi ha’m wonnan keyingi buwi’nlar dawi’sli’dan baslanbaydi’. Mi’sali’: kiy-kiy+im, ti’y-ti’+yi’m, suw-su+wi’m ha’m t.b. Bunday jag’dayda [y], [w] sesleri tu’birge tiyisli boli’wi’na qaramastan kelesi buwi’ng’a wo’tip ketedi.

U’shinshiden, so’z boli’p woti’rg’an diftonglardi’n’ sozi’mli’li’g’i’ monoftonglar bolg’an [i’], [i], [u], [u’] dawi’sli’lari’na qarag’anda shama menen yeki yese sozi’mli’raq sonday-aq, [i’y], [iy], [uw], [u’w] diftonglari’ni’n’ sozi’mli’li’g’i’ yeki fonemadan turatug’i’ni’na gu’ma’n joq, dep sanalatug’i’n [im], [il], [ul] ha’m t.b. si’taqli’ sesler dizbeginin’ sozi’mli’li’g’i’ menen wortasha alg’anda ten’dey keledi. Wo’ytkeni, “yeger de sozi’mli’li’g’i’ jag’i’nan sol tildegi basqa fonemalardi’n’

sozi'mli'li'g'i'nan asi'p ketpese g'ana sesler topari'n bir fonemani'n' jumsali'wi' dep yesaplaw kerek".[1] Al qaraqalpaq tilinde bolsa, diftonglardi'n' sozi'mli'li'g'i' da dara fonemalardan yeki yese sozi'mli'raq ha'm yeki fonemani'n' sozi'mli'g'i'ni'n' qosi'ndi'si' menen barabar keledi. Bunday juwmaq shi'g'ari'w ushi'n ti'y, tiy, tuw si'yaqli' ha'm si'm, til, tul si'yaqli' so'zler oscillografta jazi'li'p ali'ng'an oscillogrammadan so'zlerdin' son'i' (i'y, iy, uw ha'm im, il, ul) sesler dizbegi mellisekund penen wo'lshenip ha'm wolardi' sali'sti'rg'ani'n' ilimpaz ayti'p wo'tken.

To'rtinshiden, ko'pshilik tu'rkiy tillerdee sonday-aq qaraqalpaq tilinde de so'zdin' aqi'ri' dawi'sli'g'a pitse, wog'an qosi'mtani'n' dawi'ssi'zdan baslang'an varianti', al so'z dawi'ssi'zg'a tamamlansa, wog'an qosi'mtani'n' dawi'sli'dan varianti' qosi'latug'i'n jag'daylar ko'plep ushi'rasadi'. Mi'sali': anam, a'kem, dizem, bo'lem ha'm ko'zim, qoli'm, basi'm, betim so'zlerin sali'sti'rami'z: [i'y], [iy], [uw], [u'w] diftonglari'na tamamlang'an so'zlerge basqa da aqi'ri' dawi'ssi'z fonemalarg'a tamamlang'an so'zlerdegidey qosi'mtani'n' dawi'sli'dan baslang'an si'n'ari' qosi'ladi'. Mi'sali': *si'yi'm, ti'yi'm, kiyim, suwi'm* ha'm t.b. Bul mi'sallar arqali' Ilimpaz atalg'an diftonglardi'n' bir pu'tin fonemalar yemes, al son'g'i' si'n'arlari'ni'n' dawi'ssi'z fonemalar yekenin da'lillep ko'rsetken.

[i'y], [iy], [uw], [u'w] jalg'an diftonglari'ni'n' ha'r qaysi'si' yeki fonemani'n' dizbegi dep sanaladi' ha'm wolardi'n' ha'r qaysi'si' yeki tan'ba menen jazi'ladi'. Mi'sali': *ti'y, si'y, qi'y, ti'yi'n, qi'yi'n, kiy, tiy, biy, ji'y, iyne, kiyim, kiyik, siyle, uw, suw, puw, juw, quw, quwraq, juwsan, gu'w, gu'wlep, tu'wel, su'wen, tu'ye* ha'm t.b. Sonday-aq *qa'nige (qa'niyge yemes), ta'sir (ta'siyr yemes), tag'dir (tag'diyr yemes)* tu'rinde yekinshi bo'legi [y] tu'sirilip jazi'ladi'.

---

[1] Трубецкой Н.С. Основы фонологии, Москва, 1960, 66-б.

So’zlerdin’ birinshi buwi’ni’nda [uw], [u’w] qosarli’lari’ jazi’lsa, keyingi buwi’nlarda *sawi’w, ali’w, juwi’w, jazi’w, basqari’w* ha’m t.b. si’yaqli’ so’zlerde [i’w], [iw] qosarli’lari’ saqlani’p jazi’ladi’. Ja’ne de birigip jazi’latug’i’n *ku’nshuwaq, Ulti’wg’an, Aytuwar, uli’shuw-qumshuwi’t* si’yaqli’ qospa so’zlerdin’, sonday-aq *uliwma magluwmat, ayuw, bayuwli’* si’yaqli’ dara so’zlerdin’ son’g’i’ buwi’nlari’nda da [u] ha’ribi jazi’latug’i’n boldi’. A’lipbege kirgizilgen jan’a wo’zgerisler tiykari’nda *uli’wma, magli’wmat, ayi’w, bayi’wli’* so’zlerinde [i’] ha’ribinin’ worni’na [u] ha’ribi qollani’ladi’ ha’m ha’zirgi jazi’wda uluwma, mag’luwmat, ayuw, bayuwli’ tu’rinde jazi’latug’i’n boldi’.

Demek, [i’y], [iy] qosarli’lari’ diftong si’pati’nda so’zdin’ barli’q poziciyalari’nda jumsaladi’. Biraq so’zdin’ son’i’nda jumsali’wi’ biraz sheklengen da’rejede boladi’. Mi’sali’: *ta’biyg’i’y, iyjan, ilimiy, ma’deniy* ha’m t.b. Bul qosarli’ diftongti’n’ ishindegi [i’y] diftongi’ qaraqalpaq tilinde so’zdin’ tikkeley basi’nda jumsalmaydi’.

[aw], [a’w] diftonglari’ so’zdin’ basi’nda ha’m wortasi’nda wo’nimli jumsaladi’. Mi’sali’: *awqam, awqat, palawqabaq, gawhar, a’wliye, a’wlad* ha’m t.b. [aw] diftongi’ so’zdin’ buwi’nlarda jumsalatug’i’n bolsa, [a’w] diftongi’ so’zdin’ son’g’i’ buwi’nlari’nda jumsala almaydi’.

[ew] diftongi’ so’zdin’ tikkeley basi’nda jumsalmaydi’. Bul jag’day qaraqalpaq tilinde [e] dawi’sli’si’nan baslanatug’i’n so’zlerdin’ basi’nda [y] sonori’ qosi’li’p ayti’li’p diftonglasi’wi’ menen baylani’sli’. Sebebi so’zdin’ basi’nda bir buwi’nni’n’ qurami’nda yeki sonordi’n’ jumsali’wi’ qaraqalpaq tilinde ko’p ushi’raspaydi’. [ew] diftongi’ni’n’ so’zdin’ wortasi’nda jumsalg’anda ko’pshilik jag’dayda [e-w] seslerinin’ arali’gi’nan buwi’nni’n’ shegarasi’ wo’tedi. Sonli’qtan so’zdin’ wortan’g’i’ poziciyasi’nda [ew] tuyi’q diftongi’ni’n’ jumsali’wi’ biraz shegaralang’an.

Tek so'zdin' son'i'ndag'i' ayi'ri'm qosi'mtalarda g'ana ushi'rasadi'. Mi'sali': *islemewi-islemewdi, besew-besewi-besewden* ha'm t.b.

[i'y], [iy] diftonglari' so'zdin' basi'nda uluwma jumsalmaydi'. So'zdin' wortan'g'i' ha'm aqi'rg'i' poziciyalari'nda jazi'wda jazi'ladi'. Mi'sali': ayti'w, jazi'w, ju'ziw, woqi'w ha'm t.b. Bunday so'zlerde [i'w], [iw] qosarli'lari'ni'n' jazi'li'wi' imla qag'i'ydalari'nda ko'rsetilgeni menen janli' so'ylew tilinde [uw], [u'w] tu'rinde ayti'latug'i'nli'g'i' belgili ha'm bul qaraqalpaq tilinin' singarmonizmine toli'q sa'ykes keledi. Sonli'qtan bunday so'zlerdin' yekinshi buwi'nlari'nda [i'w], [iw] qosarli'si'n yemes, al [uw], [u'w] qosarli'lari'n jazi'w qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari'n jetilistiriwde, qaraqalpaq tili
janli' so'ylew tili menen jazi'wi'n jaqi'nlasti'ri'w islerinde a'meliy jaqtan u'lken a'hmiyetke iye.

Sonday-aq [o] ha'm [w], [o'] ha'm [w] seslerinin' dizbeginen payda bolg'an diftonglar qaraqalpaq tilinde ushi'raspaydi'. Ayi'ri'm so'zlerdin' son'i'nda janli' so'ylew tilinde g'ana ayti'li'wi' mu'mkin. Biraq bul jag'day qaraqalpaq tilinde teoriyali'q jaqtan yesapqa ali'nbaydi'.

Uluwma alg'anda, qaraqalpaq tilindegi tuyi'q diftonglar jumsali'wi' jag'i'nan ayi'ri'm wo'zgesheliklerge iye. Mi'sali': so'zdin' tikkeley basi'nda [ey], [i'y], [iy], [ew], [i'w], [iw] diftonglari' jumsali'wi' boyi'nsha sheklengen bolsa, so'zdin' son'inda [a'y], [ey], [o'w], [a'w] diftonglari'ni'n' jumsali'wi' ushi'raspaydi'. Bul wo'zgeshelikler dawi'sli' seslerdin' so'zdin' poziciyalari'nda jumsali'wi' ha'm ayi'ri'm dawi'sli'lar menen [y] ha'm [w] sonorlari'ni'n' dizbeklesiw uqi'pli'li'g'i'na baylani'sli' boladi'. Bul bag'darda milliy jazi'wi'mi'z benen qaraqalpaq janli' so'ylew tili arasi'ndag'i' wo'zgeshelikler de yesapqa ali'ni'wi' za'ru'r.

Uluwma aytqanda, joqari'da ko'rsetilgen semantikali'q, morfologiyali'q ha'm fonetikali'q mag'luwmatlardan ha'mmesi [i'y], [iy], [uw], [u'w]

diftonglari’ni’n’ fonetikali’q diftonglar bolatug’i’nli’g’i’n, al wolardi’n’ ha’r birinin’ fonologiyali’q jaqtan so’zsiz yeki fonemani’n’ dizbeginen turatug’i’nli’g’i’n toli’q da’lileydi.

# Juwmaq

Til biliminin’ fonetika tarawi’nda tildegi sesler ha’m seslerge baylani’sli’ bolg’an barli’q seslik qubi’li’slar izerleniledi. Qaraqalpaq tilinde dawi’sli’ seslerdin’ monoftong tu’rinde jumsali’wi’ ha’m diftonglardi’q fonemali’q qurami’, dawi’sli’ seslerdin’ tariyxi’, singarmonizm ni’zami’, so’zlerdegi ha’r qi’yli’ fonetikali’q qubi’li’slar menen baylani’sli’ boladi’.

Ha’r bir tilde seslerge baylani’sli’ so’zlerdin’ ma’ni ayi’ri’w ushi’n jumsalatug’i’n sheklengen sandag’i’ seslik ayi’rmashi’li’qlari’ boladi’. Tildin’ fonetikali’q qurami’n u’yrengenimizde sol seslerdin’ tek g’ana ma’ni ayi’ri’wshi’li’q belgilerin yesapqa ali’w menen sheklenip qalmastan, woni’n’ ma’ni ayi’ri’wg’a qatnaspaytug’i’n belgilerine de di’qqat awdari’w kerek. Buni’n’ ushi’n qaraqalpaq tilindegi dawi’sli’ seslerdin’ fonemali’q qurami’n ani’qlaw, wolardi’n’ diftong tu’rinde so’zlerdin’ ha’r qi’yli’ poziciyalari’nda jumsali’w wo’zgesheliklerin u’yreniw u’lken a’hmiyetke iye ma’selelerdin’ biri boli’p tabi’ladi’. Sonli’qtan da biz bul jumi’si’mi’zda tiykari’nan qaraqalpaq tilindegi dawi’sli’lar quri’li’si’ndag’i’ diftong tu’rinde jumsali’wi’ ha’m wolardi’n’ fonetikali’q-fonologiyali’q si’patlamasi’n u’yrendik.

Qaraqalpaq tilinde bir buwi’nni’n’ qurami’nda [y] ha’m [w] dawi’ssi’z seslerinin’ aldi’nda yamasa son’i’nda dawi’sli’ sesler menen dizbeklesip keliwinen jalg’an diftonglar jasaladi’. Bul diftonglardi’n’ jasali’wi’nda wolardi’n’ so’zlerdin’ quri’li’si’nda jumsali’wi’nda wo’zgeshelikler bar. Dawi’ssi’z [y], [w] sonorlari’ yari’m dawi’sli’lar si’pati’nda dawi’sli’lar menen birge kelip [ye[, [wo’], [wo] ashi’q ha’m [i’y[], [iy[], [u’w], [uw] tuyi’q diftonglari’n payda yetedi. Wolar so’zdin’ wori’nlari’nda jumsali’wi’ jag’i’nan birdey yemes. Son’g’i’ ji’llari’ lati’n jazi’wi’na

tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesine wo’tiw menen [y], [w] tan’balari’ni’n’ so’z basi’nda jumsali’wi’ jiymlesti. Mi’sali’: *yegiz, yeliw, yesap, yetik, woti’n, woraq, woqi’w, woqlaw, wo’pepek, wo’mir, wo’kinish* ha’m t.b. Sonday-aq [e], [o], [o’] fonemalari’ son’g’i’ buwi’nni’n’ basi’nda [y],[w] seslerinin’ biri menen dizbeklesip keledi. [ye] ashi’ diftongi *jiyek, biye, su’yek* usag’an so’zlerde [ye] ayti’ladi’ ha’m jazi’ladi’. [wo’] diftongi so’zdin’ basi’nda jumsaladi’. Mi’sali’: *woyna, woy, woz, Womar* ha’m t.b. [wo’] diftongi so’zdin’ wortasi’nda awi’zeki so’ylew tilinde jumsaladi’, biraq jazi’wda [we] tu’rinde jazi’ladi’. Mi’sali’: *su’wo’n-su’wen, juwo’n-ju’wen* ha’m t.b. Sonday-aq tuyi’q diftonglar [i’y], [iy], [uw], [u’w] so’zlerdin’ qurami’nda jumsalg’anda yekinshi si’n’ari’ sonordi’ basqa dawi’ssi’z benen almasti’rsaq, wolardi’n’ ma’nisi wo’zgerip jan’a ma’nili kvaziomonimlerdi payda yetedi. Mi’sali’: *tiy-til, ji’y-ji’l, tuw-tur, tu’w-tu’s, juw-jut, ju’y-ju’k* ha’m t.b.

Fonetikali’q jag’dayg’a baylani’sli’ so’z basi’ndag’i’ [ye], [wo], [wo’] diftonglari’ sa’ykes [e],[o],[o’] fonemalari’ni’n’ so’z basi’nda jumalatug’i’n poziciyali’q ren’kleri dep yesaplani’lsa, bunday jag’dayda qaraqalpaq tilindegi fonologiyali’q faktlerge qarsi’ keledi. Qaraqalpaq tilnde [y] ha’m [w] dara fonema boli’p, wol so’z basi’nda [a], [a’] dawi’sli’lari’ni’n’ aldi’nda [yar], [yaki] wo’z aldi’na dara fonema boli’p qollani’ladi’. So’z basi’ndag’i’ [y] tu’sip qalsa jan’a ma’nidegi so’z payda bolmaydi’. So’z wortasi’nda *tawi’s-tabi’s, sawi’n-sabi’n, bawi’r-bati’r, jiyek-jipek* ha’m t.b. Bul mi’sallarda [y], [w] seslerinin’ worni’na basqa dawi’ssi’z seslerdin’ almasi’wi’nda jan’a ma’nili so’zler payda boldi’. Qaraqalpaq tilinde wori’s ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerdin’ basi’nda [ye], [wo] diftongi qollani’lmay, [e], [o] monoftongi jumsaladi’. Mi’sali’: *etika, emal, ekran, okrug, oblast* ha’m t.b. Fonologiyali’q jaqtan [e], [o] fonemalari’ [ye], [wo] diftonglari’na qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Tu’pkilikli so’zlerdin’

basi’nda [ye], [wo] diftonglari’ sa’ykes [e],[o] monoftonglari’ni’n’ ren’kleri bolmaydi’. Qaraqalpaq tilinde [y] ha’m [w] dawi’ssi’z sesleri menen dawi’sli’lardi’n’ dizbeklesip keliwi birdey da’rejede yemes. Bul birinshiden, qaraqalpaq tilinde dawi’sli’ seslerdin’ monoftong tu’rinde jumsali’wi’ menen baylani’sli’ boli’p kelse, yekinshiden, singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ boladi’. Usi’g’an baylani’sli’ qaraqalpaq tilindegi ashi’q ha’m tuyi’q diftonglardi’n’ so’zdin’ basi’nda, wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda jumsali’w wo’zgesheliklerin u’yrendik. Ma’selen, qaraqalpaq tilindegi [ya], [wa] ashi’q diftonglari’ ha’m [aw], [ay] tuyi’q diftonglari’ so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda jumsaladi’. Mi’sali’: *ayna, sonday, awqat, nawa, yaqshi’* ha’m t.b. Al [ya], [wa’], [a’y] diftonglari’ tek so’zdin’ birinshi buwi’nlari’nda jumsaladi’. Mi’sali’: *a’ytewir, a’ynek, wa’kil, wa’de* ha’m t.b. Tuyi’q diftonglardi’n’ ishinde [i’y], [iy], [uw], [u’w] jumsali’wi’ jag’i’nan wo’zgesheliklerge iye. [I’y], [iy] so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda jumsaladi’ *(iyne, ilimiy, siyle, ji’y),* al [uw], [u’w] diftonglari’ so’zdin’ birinshi buwi’nlari’nda *(juwsan, su’wsin, quwraq)* si’yaqli’ so’zlerde jazi’ladi’. Ja’ne de birigip jazi’latug’i’n *ku’nshuwaq, ayuw, bayuwli’, uluwma, mag’luwmat* si’yaqli’ dara so’zlerdin’ son’g’i’ buwi’nlari’nda jazi’ladi’. Bizge belgili ha’rekettegi a’lipbede e ha’ribi e ha’m э seslerin an’lati’w ushi’n qabi’l yetilgen yedi. Bul yeki ha’ripti an’lati’w ushi’n bir tan’bani’n qabi’l yetiliwi ko’pshilikte tu’rli pikirlerdi payda yetti. Bul ma’selelerdi sheshiw ushi’n so’ylew menen jazi’wdi’ jaqi’nlasti’ri’w maqsetinde tu’pkilikli so’zledin’ basi’nda [ye] diftongi jazi’ladi’. Al wori’s tili ha’m wori’s tili basqa tillerden kirgen so’zlerde e tu’rinde jazi’ladi’. Mi’sali’: *elegant, era, estetika* ha’m t.b. Ja’ne de qaraqalpaq tilinde o ha’m o’ sesleri de e sesi si’yaqli’ so’zdin’ basi’nda diftong boli’p o sesi [wo], o’ sesi [wo’] sesler dizbeginen turatug’i’nli’g’i’ belgili. Sonli’qtan da ha’zirgi jazi’wda so’zlerdin’ basi’nda o ha’m o’ seslerinen baslani’p jazi’latug’i’n

so’zler ayti’li’yai’ boyi’nsha jazi’latug’i’n boldi’. Mi’sali’: *ori’n-wori’n, oyi’n-woyi’n, o’tirik-wo’tirik, o’kinish-wo’kinish* ha’m t.b. Wori’s tili ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden kelip kirgen so’zlerde monoftong tu’rinde jazi’ladi’. Mi’sali’: *oblast, order, oda* ha’m t.b. A’lipbedegi bul wo’zgerisler tiykari’nan so’ylew menen jazi’wdi’ bir-birine jaqi’nlasti’ri’w maqsetinde yesapqa ali’ng’an.

Juwmaqlap aytqanda, biz bul jumi’si’mi’zda qaraqalpaq tilinde diftonglardi’n’ fonetikali’q-fonologiyali’q si’patlasi’na da toqtaldi’q. Qaraqalpaq tilinde fonetikali’q diftonglar boli’p, wolar fonologiyali’q jaqtan yeki sestin’ dizbeginen turatug’i’nli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. So’z basi’ndag’i’ [ye] diftongi fonologiyali’q jaqtan y ha’m e, [wo] diftongi w ha’m o, [wo’] diftongi w ha’m o’ seslerinin’ dizbeginen turadi’. Qaraqalpaq a’lipbesinin’ da’stu’ri boyi’nsha ha’r bir fonema ayri’qsha ha’rip penen tan’balanadi’. Tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’ndag’i’ barli’q diftonglardi’ yeki tan’ba menen tan’balaw teoriyali’q ha’m a’meliy jaqtan maqsetke muwapi’q dep woylaymi’z.

## Paydalanı'lg'an a'debiyatlar


1. Karimov I. Joqari' ma'nawiyat-jen'ilmes ku'sh. Tashkent, Manawiyat. 2008.
2. Абдуазизов А. Ўзбек тили фонологияси ва морфонологияси. Ташкент, 1992.
3. Аралбаев Ж. Казіргі қарақалпақ тілінің фонетикалық системасы. Канд. дисс. автореферат. Алма-ата, 1949.
4. Аханов К. Тіл білімінің негіздері. Алматы, 1973.
5. Баскаков Н. А. Краткая грамматика каракалпакского языка. Турткуль, 1931.
6. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. т.II. Москва, 1952.
7. Баскаков Н. А. Историко-типологическая фонология тюрских языков. Москва, 1988.
8. Бекбаулов У. Фонетические особенности южного диалекта каракалпакского языка. Автореф. дис. канд.Нукус, 1966.
9. Даулетов А. Вокализм каракалпакского языка. Самарканд, 1976.
10. Даулетов А. Фонетическая природа некоторых фонетических дифтонгов в современном каракалпакском литературном языке. Советская тюркология, 1973, №4.
11. Дәўлетов А. Қарақалпақ тилинде жубайлас фонемалар ҳаққында. Ҳәзирги қарақалпақ тили раўажланыўының айырым мәселелери. Мақалалар топламы. Нөкис, 1993.
12. Дәўлетов А. Сөз – даўыслы сеслердиң жумсалыўы ҳаққында. «Еркин Қарақалпақстан», 1995, 19-август
13. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси. Нөкис, 1995.
14. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1999.

15. Дәўлетов А. Қарақалпақ тили фонологиясының әҳмийетли мәселелери. Өз Р ИАҚҚБ Хабаршысы, 2006, №3.

16. Дәўлетов А. Әлипбедеги өзгерислер – турмыс талабы. «Еркин Қарақалпақстан», 2010, 6-январь.

17. Дәўлетов А. Қарақалпақ әлипбеси жетилисиў жолында. Ҳәзирги филология илиминиң әҳмийетли мәселелери. Мақлалар топламы. Нөкис, 2011.

18. Дәўлетов А. Қарақалпақ тилиндеги даўыссыз фонемалардың жумсалыў жийилиги ҳаққында. Қарақалпақ тил билиминиң айырым мәселелери. Нөкис, 1987.

19. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' fonetikasi'. Nokis, 2012.

20. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилиниң тийкарғы имла қағыйдалары. «Еркин Карақалпақстан» 1996, 8-сентябрь.

21. Дәўлетов М. Имлада –ый -ий, -уў –үў қосарлыларының қолланылыўы ҳаққында. «Карақалпақстан жаслары» 1996, 26-октябрь.

22. Da'wletov M., Da'wenov E. Qaraqalpaq tilinin' imla so'zligi. No'kis, 1997.

23. Da'wletov M. Latın jazıwına tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi h'a'm imlasın jetilistiriw h'aqqında. Wo'ZR İAQQB Xabarshısı, No'kis 2011, №1

24. Da'wletov M. O'zlestirme so'zlerdin' imlası h'aqqında. Wo'ZR İAQQB Xabarshısı, No'kis 2009, №4

25. Жунисбек Ә. Қазақ фонетикасы. Алматы, 2009.

26. Зиндер Л. Р. Общая фонетика. Москва, 1979.

27. Кононов А.Н. Грамматика современного узбекского литературного языка. Москва-Ленинград, 1960.

28. Қудайбергенов М. Қарақалпақ тилиниң морфонологиясы. Ташкент, 2006.

29. Қудайбергенов М. Әлипбедеги өзгерислер ҳәм қосымшалар. «Қарақалпақ университети», 2009, № 207-208.
30. Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлиги. Нөкис, 1990.
31. Малов С.Е. Заметки о каракалпакском языке. Нөкис, 1966.
32. Миртожиев М. Ҳозирги ўзбек адабий тили. Ташкент, 2004.
33. Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенараоного разговорного языка и его диалектная система. Нукус-Казань, 1976.
34. Нурымбетова Г. А. Сингармонизм и характеристика фонологического слуха. Автореф.дисс.канд.фил. наук. Ленинград, 1985.
35. Поливанов Е. Д. Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка. Труды Хорезмский экспедиций. Ташкент, 1933.
36. Түркий тиллериниң фонологиясы ҳәм морфологиясының әҳмийетли мәселелери. Илимий мақалалар топламы. II. Нөкис, 2005.
37. Убайдуллаев К. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлер. Нөкис, 1976.
38. Убайдуллаев К. Ҳәзирги заман қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1965.
39. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюрских языков. Ленинград, 1970.